(с ...)

Кеңесбай АЛЛАМБЕРГЕНОВ



# КЕҢ ДҮНЬЯҒА ҚУШАҚ АШҚАН ЖАЗЫЎШЫ

УДК: 82.0(075)
ББК: 83.3(2Қар)
А-55

**Алламбергенов К.**
**Кең дүньяға қушақ ашқан жазыўшы:** — Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2019-жыл, 64 бет.

Филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Кеңесбай Алламбергеновтың Сизлердиң итибарыңызға усынылып отырған бул китапша – оқыў қолланбасында Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың өмири ҳәм дөретиўшилиги, қарақалпақ әдебиятында туткан орны, прозасының идеялық-көркемлик, жанрлық, формалық өзгешеликлери кең түрде талқы исленеди.

Бул китапша – оқыў қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Илимий кеңесиниң 2019-жыл 1-апрель № 8 баяннамасы қарары менен басып шығарыўға рухсат етилген.

Жуўаплы редактор:

**Қурамбаев К.К.** – филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери.

Пикир билдириўшилер:

**Абдиев А.** – филология илимлериниң кандидаты, Қарақалпақстан халық жазыўшысы.

**Юсупов Қ.** – филология илимлериниң кандидаты, доцент.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 91223

ISBN 978-9943-5744-4-1

**© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2019.**
**© Алламбергенов К, 2019.**

## КЕҢ ДҮНЬЯҒА ҚУШАҚ АШҚАН ЖАЗЫЎШЫ

**(Кирис сөз орнына)**

*Өмир күлкиден басланып, көз жас пенен тамамланса— ҳәсиретли,өмир көз жастан басланып, күлки менен аяқланса — қуўанышлы. Ал, өмир биреўлерге бәрҳә күлкиден басланып, күлки менен жуўмақланса, екиншилер ушын бәрҳә көз жастан басланып, және көз жас пенен питсе-ше?*

*Әне, өмирдиң усы қубылысларына көп бас қатырыў керек.*

***Төлепберген Қайыпбергенов***

Аўа, Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов (1929-2010) усындай данышпанлық ой-пикирлерге толы, қыян — кести рәнбәрең мазмунлы ўақыяларға бай көркемлик дүньясы менен кең дүньяға қушақ ашып, қарақалпақ прозасының дүньялық әдебият дәрбентине кирип барыўына саррас жол салып, мәнәўий — руўхый мәртлик ислеген тәкирарланбас талант ийеси, әжайып сөз шебери болды.

Мине, усындай әжайып көркем сөз шебери, Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районында дийқан шаңарағында туўылды. Болажақ жазыўшы бала ўақытларынан баслап әдебиятқа қызықты. 1945-47-жыллары Хожели педагогикалық училищесинде оқыды. Хызмет жолын 1947-50-жылларда туўылған аўылында муғаллим болып ислеўден баслады.

1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили хәм әдебияты факультетин тамам-

лаганнан соң, 1980-жылға шекем «Әмиўдәрья» журналында әдебий хызметкер, Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамында жуўаплы хаткер, Қарақалпақстан радио еситтириў ҳәм телекөрсетиў комитетинде аға редактор, соңынан баслықтың орынбасары, «Жас Ленинши» газетасының бас редакторы, «Қарақалпақстан» баспасының директоры, «Совет Қарақалпақстаны» газетасының бас редакторы, Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитет баслығының орынбасары лаўазымларын атқарады. 1980-жылдан баслап тап 2010-жылға шекем Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамының баслығы лаўазымында ислеп келди. Ол 1957-жылдан Жазыўшылар Аўқамының ағзасы.

Т.Қайыпбергенов көркем дөретпелери ҳәм жәмийетлик хызметлери ушын халықтың, мәмлекеттиң үлкен исенимине ийе болды. Оған Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты (1967), Ҳәмза атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1971), Қарақалпақстан халық жазыўшысы (1974), бурынғы аўқамлық республикалар мәмлекетлик сыйлығының лауреаты (1986), Өзбекстан халық жазыўшысы (1994), М.Қашқарий атындағы халық аралық сыйлықтың лауреаты ҳәм т.б. бир қатар сыйлықлар ҳәм атақлар берилген. Жазыўшы 2003-жылы Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманы менен Өзбекстан Қаҳарманы атағын алды. Ол Мекке ҳәм Мадинада Ҳажылық сапарында, соның менен бирге, мәмлекетлик делегация ағзасы сыпатында Венгрия, Сирия, Индия, Вьетнам, Монголия, Япония, США, Бельгия, Францияда шет ел сапарларында болды. Усы еллерге барғанында, бурынғы аўқам жазыўшыларының Армения ҳәм Түркменстан жазыўшыларының съездлерине қатнасқанда, Өзбекстан жазыўшыларының делегацияларын басқарып барды. Ол бул жылларда 1980-жылдан баслап жазыўшылар аўқамының баслығы лаўазымын атқарып барыў менен бирге, хәр дайым бурынғы аўқам Жазыўшылар шөлкеминиң басшылық лаўазымларына сайланып турды. Оның басламасы менен 1982-жылы Қарақалпақстанда биринши рет бурынғы аўқамлық республикалар халықлары әдебияты күнлери өткерилди.

Т.Қайыпбергенов 1963-1989-жыллар аралығында бир неше мәртебе Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесине, 1989-жылы болса

альтернативлик тийкарда бурынғы аўқамлық республикалар халық депутаты болып сайланды.

Т.Қайыпбергенов 1980-жыллардан баслап Өзбекстан Республикасы ҳәм бурынғы пүткил аўқамлық Жазыўшылар Аўқамларының басқарыў жумысларына сайланып, барлық форумларында шығып сөйледи. 1980-90-жылларда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы Бердақ атындағы Қарақалпақстан мәмлекетлик сыйлықлары Комитети баслығы лаўазымларын атқарды. 1990-жылы Өзбекстанның Биринши Президенти Ислам Каримовтың Пәрманы менен Өзбекстан Президентлик Кеңесиниң ағзасы болып тайынланды. 1995-жылдан баслап, жәмийетлик басламада Орайлық Азия халықларының Мәденияты Фонды Басқармасының Председатели лаўазымында бир неше жыл иследи.

Т.Қайыпбергеновтың шығармалары баспа сөзде 1950-жыллардан баслап жәрияланған. Оның қарақалпақ тилинде төмендеги атамаларда ири – баслы китаплары жәрияланды: «Секретарь» (1956), «Муғаллимге рахмет» (1959), «Соңғы ҳүжим» (1960), «Блокнот сөйлейди» (1961), «Сууық тамшы» (1964), «Уйқысыз түнлер» (1965), «Қарақалпақ қызы» (1960, 1966), «Маманбий әпсанасы» (1968), «Бахытсызлар» (1971), «Түсиниксизлер» (1976), Шығармаларының бес томлығы – 1979, 1980. «Қарақалпақ дәстаны», (1-т. 1979), «Қарақалпақ дәстаны», (2-т. 1979), «Қарақалпақ дәстаны», (3-т. 1979), «Қарақалпақ қызы», (4-т. 1980), «Соңғы ҳүжим», (5-т. 1980), «Қарақалпақнама» (1985), «Көздиң қарашығы» (1986), «Из юрты в мир» (1987), «Фамилия» (1988), «Қудайдың неше аты бар?» (1990), «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» (1992).

Т.Қайыпбергенов шығармаларының көпшилиги өзбек, рус, қазақ, түркмен, қырғыз, түрк, украин, молдаван, эстон, ағличан, поляк ҳәм басқа да тиллерде басылып шықты. Сондай-ақ оның көплеген интервьюлери, шығып сөйлеўлери, мақалалары Англия, Арабстан, Ҳиндстан, Япония, Венгрия, Вьетнам, Голландия, Моңғолстан ҳәм басқа да мәмлекетлердиң де баспа сөзлеринде жәрияланды. Мысалы: «Секретарь» (1959), «Ўқитувчига рахмат» (1963), «Повестьлер» (1978), «Соңғы ҳүжим» (1970), «Маманбий афсонаси» (1973, 1982), «Бахытсызлар» (1975), «Гумроҳлар» (1978), «Түсиниксизлер» (1983), «Қарақалпақнама» (1990), сондай-ақ «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы (ғәрезсизликтен кейин)

өзбек тиллеринде жәрияланған болса, рус ҳәм басқа тиллерде «Последний бой» (Т., 1970); «Секретарь» (М., 1975, 1985); «Муғаллимге рахмет» (Таллин, 1965; М., 1966, 1978; Т., 1979; Кишинев, 1981; Алма-ата, 1983); «Соңғы ҳүжим» (М., 1989); «Қарақалпақ қызы» (М., 1968, 1971, 1989; Киев, 1977); «Суўық тамшы» (М., 1969, 1978, 1990; Ашхабад, 1983); «Маманбий әпсанасы» (М., 1979, 1985, 1989; Бишкек, 1992); «Бахытсызлар» (1982, 1985, 1989); «Түсиниксизлер» (М., 1983, 1985, 1989); «Қарақалпақнама» (М., 1989, 1991; Алма-ата 1988); «Көздиң қарашығы» (Т., 1984; М., 1986, 1989); «Дочь каракалпака» (1977), «Дастан о каракалпаках» (1-3 том, 1979, 1982), «Маман бий әпсанасы» (Астана, 2008), «Бахытсызлар» (Астана, 2008), «Қарақалпақ қизи» (Анкара, 2008) шығармалары китап болып басылып шықты.

Улыўма, Т.Қайыпбергенов 2010-жылға шекем **100** ге жақын китапларын баспадан шығарды. Соннан қайта басылыўлар менен қарақалпақ тилинде **30** дан, өзбек тилинде **20** дан аслам, орыс ҳәм басқа тиллерде **40** қа жақын китаплары жәрияланды.

Т.Қайыпбергеновтың өмири ҳәм дөретиўшилиги әдебий портрет сыпатында улыўма билим беретуғын орта мектеп пенен академиялық лицей, кәсип-өнер колледжлериниң, жоқары оқыў орынларының сабақлықларына, әдебият тарийхы бойынша жазылған илимий очерклерге енгизилиўи менен бир қатарда монографиялық, кандидатлық ҳәм докторлық жобадағы изертлеўлердиң объекти болып келмекте.

Т.Қайыпбергенов буннан соңғы дәўирлерде де «Сахра бүлбили» («Бердақ», 1997), «Айдос баба» («Мың тиллаға тигилген гелле») (2001), «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» (2003), «Кеўлимниң қамусы» (2008) сыяқлы бир қатар повесть, роман, драмалар жазып, ғәрезсизлик дәўири әдебиятына да салмақлы үлес қосты.

## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ ХХ ӘСИРДИҢ 50-ЖЫЛЛАРЫНДАҒЫ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ

ХХ әсирдиң 50-жылларының ақыры, 60-70-жыллар қарақалпақ әдебиятында прозаның кең қулаш жайып раўажланған ҳәм әдебиятымыздың жетекши жанры дәрежесине шығып алған дәўири болды. Бул дәўирде проза идеялық-көркемлик сапасы жағынан әдеўир өсип, тематикасы ҳәм формасы бойынша да ҳәр тәреплеме байый баслады. Проза буннан кейинги 80-90-жылларда да ҳәм ҳәзирги дәўирде де әдебиятымызда жетекшиликти қолдан бермей киятыр.

Мине, усы прозаның ХХ әсир қарақалпақ әдебиятында жетекши жанрға айланыўында усы әсир әдебиятының үлкен байтереклериниң бири Өзбекстан қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың салмақлы үлеси бар.

Т.Қайыпбергенов әдебиятқа 50-жыллардың басларында «Тилегим» қосығы менен шайыр сыпатында кирип келди. Мине, усы ўақыттан баслап дәслепки повестьлери шыққанға дейинги аралықларда оның қосықлары сол ўақытлардағы газета-журналларда үзликсиз жәрияланып барылды. Оның бул дәўирдеги айырым қосықлары көркем шығарманың талапларына толық жуўап берерлик төрт туяғын тең басып кеткен «тулпар» қосықлар болып жетилиспесе де, лекин, айтажақ гәпи бар, келешегинен үмит күтерлик мәнили лирика екенлиги менен ажыралып турды. Сол ушында ол 1957-жылы Жер жүзи жаслары фестивалына бағышланған Қарақалпақстан Республикасы конкурсының әдебият тараўындағы лауреаты болды.

Деген менен, биз оның поэзиядағы бул қәлем тербетислерин әдебият майданындағы жол табыў ушын исленген дәслепки машқылар сыпатында баҳалаймыз.

Т.Қайыпбергенов әдебияттағы ҳақыйқый соқпағын 50-жыллардың орталарына келип проза жанрынан тапты. Оның бул тараўдағы 1955-жылы республикалық жаслар газетасында

жәрияланған «Почтальон келгенде» гүрриңинен басланған қәдеми 50-жыллардың екинши ярымында «Секретарь» (1956), «Муғаллимге рахмет» (1958) повестлери менен толысып, 50-жыллардың ақырында дәслепки «Қурбан» (1959) романына барып уласты.

Жазыўшы, мине, усы дәўирден баслап прозаның саррас жолына түсип, XXI әсирдиң басларына дейин «Қарақалпақ қызы» (1963-1965) еки китаплы роман-дилогия, «Суўық тамшы» (1964), «Уйқысыз түнлер» (1965), «Тәнхә өзиңе мәлим сыр» (1992) лирико-психологиялық повестлери, «Қарақалпақ дәстаны» (1968, 1971, 1976) үш китаплы роман-эпопея, «Қарақалпақнама» (1995) роман-эссеси, «Көздиң қарашығы» (1986), «Қарақалпақтың қалпағы менен сырласыўы» (1990) заманагөй темадағы романлары, соңғы жыллардағы «О дүньядағы атама хатлар» (1992) повесть-эссеси менен «Қәлбимниң Қамусы» (1994-1995) роман-қамуснамасы, «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» (2003) роман-эссеси менен байытты.

Т.Қайыпбергенов булардан басқа да «Блокнот сөйлейди» (1961) очерк хәм гүрриңлер, «Қара үйден кең дүньяға» (1987), «Қудайдың неше аты бар» (1990) публицистикалық, «Фамилия» (1988), «Айдос баба» («Мың тиллаға тигилген геле») (1998) драмалық шығармалар топламларының авторы.

1979-1980-жылларда болса оның 50-жыллығына байланыслы шығармаларының 5 томлығы басылып шығарылды. Бул көп томлықтың 1-2-3-томларына «Қарақалпақ дәстаны» роман-трилогиясы киргизилсе, қалған 4-5-томлардан «Қарақалпақ қызы», «Соңғы ҳүжим», («Қурбан») романлары орын алды.

Жоқарыда атап өткенимиздей, Т.Қайыпбергеновтың көркем дөретиўшиликке араласқан дәслепки бес жылындағы дөреткен шығармалары киши көлемли қосықлардан ибарат болды. Оның бул дәўирде жарық көрген «Тилегим» (1951), «Келиншектиң қуўанышы» (1954), «Муғаллим» (1955) хәм тағы басқа бир қатар қосықларында жас шайырдың тилек-ойлары, өмирге болған көз-қарасы, ўатанға деген сүйиспеншилик сезимлери жырланды. Бул шығармалардың идеялық-тематикалық мазмуны өз алдына қойған мақсети-пахта атызының қаҳарманы, мийнет сүйгиш келиншектиң оқыўдан инженерлик диплом алып

қайтқан күйеўи менен ушырасқандағы қуўанышын көрсетиў ҳәм т.б. мәселелер болды. Мысалы, «Муғаллим» атлы қосықта ҳүжданлы муғаллимниң бизиң турмысымыздағы мәртебели ҳәм ҳүрметли орны көрсетип берилди.

Т.Қайыпбергенов 50-жыллардың орталарында өзиниң жазыўшылық қәдемин «Алжасықтың ақыры» (1954), «Арза» (1955), «Тракторшы» (1955), «Жолдағы жәнжел» (1955) сыяқлы кишигирим гүрриңлер жазыўдан баслады. Ол усы жыллардан 1960-жылға шекем булардан басқа да «Исиң сөзиңдей емес», «Почтальон келгенде», «Ана ашыўы», «Еки көзли», «Ким айыплы», «Мақсет», «Пиллекешлер», «Өкиниш», «Тартыс», «Батыл қәдем», «Айгүл» усаған гүрриңлер жазды ҳәм олар өз ўақтында сол жыллардағы газета-журналларда жәрияланып барылды. Т.Қайыпбергеновтың бул прозалық шығармалары 1961-жылы «Блокнот сөйлейди» деген ат пенен өз алдына китап болып та басылып шықты.

Жазыўшының бул гүрриңлери мазмуны жағынан ҳәр қыйлы тематикаларға қурылған болып, оларда балалар турмысы, қала мийнеткешлериниң аўылға жәрдеми, зыялылар турмысы, ҳаял-қызлардың сана-сезиминиң өсиўи, аўыл адамларының көтериңки мийнет жемиси, турмысымызда орын алып киятырған айырым қәте-кемшиликлер, унамсыз әдетлер, улыўма бизиң турмысымыздың ең бир әҳмийетли мәселелери ҳәр тәреплеме сәўлелениўин тапты.

Т.Қайыпбергеновтың гүрриң мектебинен усылайынша табыслы өтиўи оны усы жылларда-ақ повесть жазыўға ийтермеледи. Солай етип, ол 1956-жылы «Секретарь», 1958-жылы «Муғаллимге рахмет» атлы дәслепки повестьлерин дөретти ҳәм баспа сөзде дағазалады.

Т.Қайыпбергеновты жазыўшы сыпатында елге көбирек таныткан шығармалары оның повестьлери болды. Сонлықтан да, сыншылар ўақтында бул ҳақыйқатлықты «Өзиниң ҳақыйқат жазыўшылық жолын ол (Т.Қайыпбергенов-А.К.) прозаның ири жанрларынан тапты[1]» деп әдил баҳалайды.

«Секретарь» — Т.Қайыпбергеновтың туңғыш повести болып табылады. Повесть 1956-жылы «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм

---

[1]Нурмахаммедов М. Шығармаларының еки томлығы, 2-том, -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985, 310-б.

искуствосы» журналының 2-3-4-санларында жәрияланыўданақ, жәмийетшиликтиң дыққатын өзине тарта баслады. Шығарма 1956-жылы Қарақалпақстан АССР Министрлер Совети менен Жазыўшылар аўқамының повестьлер ушын жәрияланған конкурсында биринши сыйлықты женип алыўға миясар болды. 1958-жылы болса Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы тәрепинен өз алдына китап болып басылып шықты. Повесть 1959-жылы өзбек тилинде Ташкентте, 1975 ҳәм 1985-жылларда еки рет рус тилинде Москвада дағазаланды. Балалар әдебиятын изертлеўши И.Қурбанбаевтың сөзи менен айтқанда, «жазыўшы «Секретарь» повестин қайтадан қарап шықты ҳәм Атамураттың сөзлериндеги шаўқымпазлықлар, декоратив ҳәрекетлер дүзетилгенлиғи сезиледи. Атамураттың образы дәўир руўхына сәйкес өз дәўириниң белгили баласы ретинде ықшам етип исленген[1]».

Усындай сын сынақларынан еленип шыққан повесть мектеп, орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў орынларының оқыў бағдарламаларына кирип, ҳәзирге шекем дәўир шынлығы жүдә жақсы сүўретленген[2], идеялық дәрежеси жоқары, сапалы көркем шығармалардың қатарында оқытылып киятыр[3]. Шығарма 70-80-жылларда жарық көрген әдебият тарийхы очерклеринде де жақсы баҳаланды[4].

Повесть, ҳақыйқатында да, усы жанрдың қарақалпақ прозасында өсип, раўажланып, кәмалатқа келиў жолларынан дерек

---

[1] Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. – Нөкис: «Билим», 1992. – 140-бет.

[2] Камалов Қ. Қарақалпак повести. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978. – 55-бет.

[3] Қараңыз: Ахметов С., Камалов Қ. Қарақалпақ әдебияты. 11-класстың оқыўшыларына арналған сабақлық. – Нөкис: «Билим», 1992. – 275-276-б.; Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. Педагогикалық оқыў орынларының талабаларына арналған сабақлық. – Нөкис: «Билим», 1992. – 140-141-б.; Ахметов С., Камалов Қ., Нарымбетов Ж., Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебияты. Филология факультетине арналған сабақлық. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984. – 322-323-б.

[4] Қарақалпақ әдебияты. ӨзРИА Қарақалпақстан филиалы илимий хызметкерлериниң жоқары оқыў орынлары ушын оқыў қуралы сыпатында таярлаған «Қарақалпақ әдебияты тарийхы очерклери». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. – 455-457-б.; История каракалпакской литературы. – Ташкент: «Фан», 1981. – С.351.

берип туратуғын ең қунлы лиро-эпикалық шығармалардан болып табылады. Буны повестьтиң бай мазмуны менен ықшам формасына талқы жасаў арқалы анық сезиўге болады.

Повесть екинши жер жүзлик урыс дәўириндеги жас өспирим мектеп оқыўшыларының турмысын сүўретлеўге арналған.

Жазыўшы ата-аналары, туўған-туўысқанлары фронтқа кетип, олардың орнын билдирмей, бир жеңнен қол, бир жағадан бас шығарып, пидәкерлик мийнет етип атырған усы жас өспиримлердиң образын жасаў арқалы урыс дәўириниң қыйыншылығын, сол дәўирдеги аўыр шараятлар себепли ерте ержеткен балалар психологиясын, олардың Ўатан азатлығын тезлетиў ушын тылда ислеген қаҳарманлық мийнетлерин исенимли ҳәм көркем етип ашып берген.

Ҳақыйқатында да, урыс дәўириндеги ел басына түскен аўыр жағдай үлкен жастағы адамлар сыяқлы, жас өспирим балалар санасына да түпкиликли тәсирлер жасады. Бурын қайғығамның не екенлигин билмей асыр салып, күн-түн демей ойнап жүрген балалардың шадлы ойынлары да бирден тыйылып, енди олардың ойынпазлық, бийпайдалық, жеңил минезлилик сезимлери кем-кем сабырлылық, шыдамлылық, жеңисти тезлетиўге умтылыў, Ўатан, ел-журт мәпи ушын хызмет етиўдей уллы сезимлер менен орын алмаса баслады. Турмыс оларды өзлерин үлкенлер қатарында деп сезиниўге ҳәм болыўға мәжбүр етти.

Повесть ўақыялары балалар санасындағы, мине, усы өзгерислерди сүўретлеўден басланады. Көпшилик аўыл адамлары қатары 7-класс оқыўшысы, Жаслар аўқамының ағзасы Атамураттың әкеси де әскерликке алынып, урысқа атланады. Тез арада урысқа кеткенлердиң орны билинип, аўылда мийнетке жарамлы бирли-жарым кемпир-ғаррылар менен жас өспирим балалардан басқа ҳеш ким қалмайды. Колхоз жумысларын ислеўге қол жетпей, қысқа жип гүрмеўге келмейтуғын ўақыт келеди. Адамлар атыз жумыслары менен бәнт болғанлықтан, колхоз малларына қысқа от-шөп таярлаўдай ислер кешеўиллеп қалып атады... Бул жағдайлар колхоздың жалпы жыйналысларында басшылар тәрепинен күнде зар қақсап айтылып турады.

Усы жағдайларды көзи менен көрип, қулағы менен еситип

жүрген Атамурат тереӊ ойланып, ақыр-аяғында шешиўши қарарға келеди. Жағдайды мектеплес, класслас досларына да түсиндиреди. Қалбай, Ербай, Гүлайша усаған зейинли, ақыллы, мийнет сүйгиш жас өспиримлерди әтирапына топлап, бос ўақытларында олар менен бирге колхоздыӊ шел шабыў, атыз тегислеў, төгин төгиў усаған жумысларына үзликсиз жәрдем берип турады. Адамларды ийгиликли ислерге ийтермелейтуғын үгит-нәсият жумысларын жүргизеди. Жаплар қазып, тереклер тигип, мектеп әтирапын гүллендиреди. 7-классты питкерген жылдыӊ жазында баслама көтерип, оқыўшылар бригадасын дүзип, оларды колхоз малларына қысқы от-шөп таярлаў ушын алыстағы жайлаўға пишен орыўға баслап кетеди. Шыжғырған ыссыға, көлдиӊ шыбын-сонасына төзип, аянбастан пидәкерлик пенен мийнет етеди.

Жәмәәтлик мийнет жас өспирим балаларда мийнет сүйгишлик, аўызбиршилик, турақлылық, бир-биреўге жолдаслық жәрдем хәм ғамхорлық, Ўатанды шын берилип сүйиўшилик, жәмийет хәм ел-халық мәпин хәммесинен жоқары қойыўшылық сыяқлы еӊ жақсы сезимлер менен қәсийетлерди қәлиплестиреди.

Повестьте балалар санасындағы бул жақсы сыпатлардыӊ қәлиплестириўшилери сыпатында колхоз белсендилериниӊ, мектеп директоры Тәженниӊ, Атамураттыӊ анасы Оразгүлдиӊ, колхозшы Темирхан атаныӊ образлары сәтли жасалған. Автор бул образлар арқалы урыс дәўириндеги жәмийетлик өмирди, адамлар арасындағы қарым-қатнасты, жас әўладларға берилип атырған тәлим-тәрбияны көрсетип бериў менен бирге, аўылдағы өмир көринисин бир тутаслықта сүўретлеп бериўге де хәрекет еткен.

Повестьтеги бундай идеялар турмыстан туўған хақыйқый конфликтлердиӊ тәбийғый раўажланып, шийеленисиў шегине жетип, исенимли шешилиўин тапқан жөнелислеринде айрықша бир шеберлик хәм көркемлик пенен ашып бериледи. Мәселен, Атамураттыӊ айырым менменлик әдетлерин сапластырыў, Сержанныӊ өжетликти қойыў, Әметтиӊ әкеси Атаханныӊ сатқынлығына арланыў пайытындағы өзин-өзи жеӊиў ушын алып барған драматизмге толы ишки гүреслери усындай турмысшаӊ конфликтлердиӊ белгилери болып табылады.

Әсиресе, бул жағдай Әмет образының жасалыўында айқын көзге тасланады. Әкеси сатқынлық етип, урыстан қашып келиўи менен Әметтиң ишки дүньясында еки сезим гүреси сеңдей сиресе баслайды.

Дәслебинде Әмет я жәмәәт мәпи, я әке тәрепинде турыўдың есабын таппай, үлкен дағдарысқа түседи. Жәмәәт мәпи тәрепинде турайын десе, туўған әкесин, көзи қыймайды, оны аяйды, урыстан қашып келгенин журтқа жайып айта алмайды. Оның тоғайдағы жасырынып атырған жерине билдирмей, азық жеткерип турады. Ҳәтте, әкесиниң тәсиринде колхоз мүлкине қыянет ислеўге дейин барып жетеди.

Бирақ, жәмәәтлик мәп руўхында тәрбияланған Әметти мудамы ҳүждан азабы қыйнай береди. Кем-кем әкесиниң сатқын, қорқақ, бийнамыс келбетинен, өзиниң оған жәрдем берген ерси ҳәрекетлеринен арланып, иш-ишинен өзин кемирип жей баслайды. Әкесинен биротала ўаз кешкиси келеди. Дослары бәрҳама «қатарға кел!» деп қол былғап шақырып турғандай болады. Ақыр аяғында оны сап ҳүжданы, сезими биротала бийлеп, шешиўши қарарға келтиреди. Әкесине нәўбеттеги азығын апаратырған ол, ғырра кейнине қайтып, милиция бөлимине қарай батыл қәдем таслайды.

Повестьтеги Атамураттың үлгили минез-қулқынан, урыс дәўириниң талапларын дурыс түсинип, колхоз басшылары менен мектеп дирекциясына жақыннан жәрдем берип, аўыл адамларына урыс дәўириниң алға қойған ўазыйпалары ҳаққында дурыс үгит-нәсият жүргизиўин, үйинде қарындасы Айшагүл менен анасы Оразгүлге жақыннан жәрдем берген, әтирапына өзиндей балаларды жыйнап, ҳәр қыйлы жәмийетлик жумысларды кеўилдегидей атқарған, аўыл адамларына газеталар оқып берип, фронт жаңалықлары менен таныстырған, Сержан усаған жас өспиримлерди Жаслар аўқамына ағзалыққа тартқан, Темирхан сыяқлы аталарға сабақ берип, саўатландырған, қашқын Атаханды услаўдағы тапқырлық ҳәм мәртлик көрсеткен, баслама көтерип пишен орaққа кеткен үлгили ҳәрекетлеринен урыс дәўириндеги жас өспиримлердиң жетекшиси дәрежесине жеткен ақыллы, зийрек, мийнет сүйгиш, Ўатанын шын берилип сүйген жас өспирим, ҳәр тәреплеме жетик баланың образын көремиз.

Улыўма, бул повесть 50-жыллар прозасының урыс дәўири ҳақыйқатлығын жас өспирим балалар образында ашып берген ең жақсы шығармаларынан есапланады.

Т.Қайыпбергеновтың 1958-жылы «Жеткиншек» газетасында жәрияланып, 1959-жылы ҚҚМБ тәрепинен өз алдына китап болып басылып шыққан «Муғаллимге рахмет» екинши повести «Секретарь» повестинде жол қойылған айырым кемшиликлерден биротала қалыс болып, «идеялық-көркемлик сапасы әдеўир жетилискен[1]» шығармалар қатарынан орын алды. Ўақтында повесть тек «ҳәзирги қарақалпақ әдебиятының ғана емес, пүткил кеңес (бурынғы аўқамлық Республика халықларының-А.К.) әдебиятының ең жақсы шығармаларының бири[2]» сыпатында баҳаланды. Бул повестиң идеялық-көркемлик сапасына берилген ҳақыйқый баҳа да еди. Сол ушын да повесть көп узамай өзбек (1963, 1978), рус (1966, 1978, 1979), эстон (1965), молдаван (1981), қазақ (1983) тиллерине аўдарылып, өз алдына китап болып басылып шыға баслады. Бул повести ушын авторға 1971-жылы Ҳәмза атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты атағы берилди.

Повесть тематикасынан көринип турғанындай, билимлендириў мәселесине бағышланып жазылған. Онда тийкарынан Қарақалпақстанда жаңа оқытыў усылындағы кеңес мектеплериниң пайда болыўы, сол мектепти дүзиўдеги жүз берген қыйыншылықлар, бул қыйыншылықларды жеңип, халықты ғалаба саўатландырыўдағы дәслепки муғаллимлердиң алып барған гүреслери, ўақыялары сүўретлениўин табады. Автор повестьте усы халықты саўатландырыў жөнелисиндеги дәслепки муғаллимлердиң атқарған хызметлери менен тутқан орнын сүўретлеў арқалы устаз деген атты улығлаў менен бирге, XX әсирдиң 20-30-жылларындағы қарақалпақ халқының саўатлылыққа умтылыўдағы қыйын ҳәм машақатлы жолларын ашып көрсетиўди бас мақсет тутқан.

Повестьтеги бул идея дәслепки муғаллим Меңлимурат ҳәм оның билим алыўға зейинли, шаққан Турдымурат сыяқлы ҳақ

---

[1] Нурмахаммедов М. Шығармаларының еки томлығы, 2-том, -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985, 311-б.

[2] Нурмахаммедов М. Современная каракалпакская проза. –Ташкент: «Фан», 1968. –С. 208.

көкирек шәкиртлериниң образы арқалы исенимли ҳәм оғада көркем етип ашып берилген.

Повесть сюжети кишкене ғана бийҳазар бала Турдымурат тилинде дәслепки муғаллим Меңлимураттың аўылға келиў уақыяларын сүўретлеўден басланады. Кишкене Турдымураттың түсинигинде, ҳәтте аўыл адамларының көз-қарасынша, муғаллим Меңлимураттың аўылға келиўи ең дәслеп адамларды ләрзеге келтирген, таң қаларлық әжептәуир ҳүрейли ҳәдийседей болып туйылады. Ески билимлендириўге үйренип қалған аўыл адамларының санасы жаңалықты, жаңа муғаллимди бирден қабыл ете алмайды. Олар ушын жаңалық, жаңаша оқыў убыжық, әжийнедей көринип, жаңа муғаллим халықты мусылманшылықтан айыратуғын, орыс болып кетиўге ийтермелейтуғын кәпиримбет душпан адамдай болып сезиледи. Сол ушын олар Меңлимурат аўылдан мектеп ашып, балаларды оқытыўға келген дәслепки күнлерде балаларын оннан жасырып, мектепке жибермей қояды. Ата-анасының айтқанлары хат пенен қәлемдей болып санасына сиңип қалған кишкене балалар да дәслебинде оннан қорқып қашып, мектепке бармай жүреди. Меңлимурат бул қыйыншылықлардың бәрин сабырлылық ҳәм ақыллылық пенен жеңиўге ҳәрекет етеди. Жаңа мектеп, жаңа билимлендириўдиң артықмашлық абзаллықларына адамларды исендириў ушын қыйыншылықлардан қорықпастан, ҳарыпшаршаўды билмей, зәбердеслик пенен түсиник жумысларын алып барады.

Меңлимураттың шығарма уақыяларындағы бул унамлы ийгиликли ис-ҳәрекетлери оның жас бала Турдымуратқа болған адамгершилик мүнәсибетлеринде, яғный Турдымурат образының жасалыўы арқалы айқын көзге тасланады.

Турдымурат та дәслебинде көпшилик балалар сыяқлы муғаллимнен қорқып, ол келгенде, бурынғы молладай урады деп ойлап, жүктиң артына жасырынып қалады. Оның атаанасы да баланың оқыўға барғанын онша қәлей бермейди. Узақ жыллар даўамында Дүйсен молланың тәсиринде жүрген олар баласын жаңа оқыўға берип, кәпир қылғысы келмейди.

Деген менен, жаңа өмир, онда жүз берип атырған жаңалықлар адамлар санасына өз тәсирин тийгизбей қалмайды. Адамлар муғаллим тек ғана билим бериўши емес, адамларды

жақсылыққа, жаңа жақсы ислерге баслаўшы, жаманлыкка қарсы гүресиўге шақыратуғын тәрбияшы әжайып инсан екенлигин де кем-кем түсине баслайды. Бул өзгерислер жас бала Турдымураттың санасына да үлкен тәсир жасайды. Әзелден жаңалыққа жаныкумар Турдымуратқа мугаллимниң сөйлеген сөзлери де, берген билими де, минез-қулқы да, кийген кийимлери де, жүрис-турысы да әбден унайды. Өзи де усы муғаллимге усағысы келеди. Оған жәрдем бергиси келип, муғаллимнен қорқып көлге қашып кетип, жасырынып жүрген балаларға муғаллимниң шашы албаслыдай қорқынышлы адам емес екенлиги, оның хеш кимди урмайтуғынлығын түсиндиреди. Оларды жыйнап, оқыўға әкелиўде Меңлимурат муғаллимге жәрдемлеседи. Балада кем-кем халықлық мүлкти қорғаў түсиниги қәлиплесип, дослары Сәрсенбай хәм Гүлайлар менен бирге жәмәәтлик складтан зат урлаған Дүйсен молланы әшкара етиў ушын шешиўши гүреске шығады. Балалардың бул жәрдеми арқасында складтың затын урлағанлықта нахақ айыпланған Есемурат ғарры ақланады.

Балалар өзлериниң усылайынша көзи ашылыўында, жаңа өмирге жаңаша қәдем қойыўында, жәмийетлик санасының өсип жетилисиўинде, билим ийелеўге деген қызығыўшылығының артыўында Меңлимурат муғаллимниң хызмети айрықша болғанлығын да түсинип жетеди. Бул ушын оған шексиз миннетдар екенлигин билдиргиси келеди.

Повестиң баслы идеясы да муғаллимге деген усы ырзашылық, миннетдершылық сезимлерди көрсетиў менен тығыз байланыста шебер ашып бериледи. Бул идея шығарманың соңында балалардың муғаллимге айтқан «Егер бизге муғаллим келмегенде, билгенимиз асық ғана болар еди, муғаллимге рахмет!» деген шын кеўилден шыққан гәплеринен айқын сезилип турады, яғный жазыўшы жаңа шараятларға байланыслы адамлар санасында жүз берген психологиялық өзгерислерди балалар тилинде усылайынша шеберлик хәм көркемлик пенен ашып береди. Повесть усындай унамлы сыпатлары менен Т.Қайыпбергеновты жазыўшы сыпатында халыққа кеңнен танытты.

«Муғаллимге рахмет» повестиниң табысларынан рухланған Т.Қайыпбергенов сол 50-жыллардың ақырында роман

жанрына батыл түрде қол урды. 1960-жылы оның «Соңғы ҳүжим» романы өз алдына китап болып басылып шықты. Роман ең дәслеп 1959-жылы «Қурбан» деген атама менен «Әмиўдәрья» журналында (1-2-3-санларында) дағазаланды. Роман 1970-жылы өзбек ҳәм рус тиллеринде Ташкент китап баспаларынан аўдармаланып шығарылды. 1980-жылы болса жазыўшының 5 томлығының 5-томына енгизилди.

Ўақтында роман ҳаққында М.Нурмухаммедов, Ж.Нарымбетов, З.Насруллаева, С.Баҳадырова, Н.Худайбергенов, Ә.Қожықбаев, Ю.Пахратдинов усаған илимпазлар ўақыт талабына сай пикирлер билдирди[1].

Роман 50-жыллар романшылығында биринשилерден болып Қарақалпақстанда жәмәәтлик хожалық қурыў темасын ири эпик прозалық жанрда кең қамтымлы, көп жобалы етип сәўлелендирген шығармалардан болды. Усы темаға бағышланып бурынғы пүткил аўқамлық әдебиятта М.Шолоховтың «Ашылған тың» романы сыяқлы көп ғана прозалық шығармалар жазылды. Дурыс, бул дөретпелерде бир дәўир ўақыялары, бир дәўирге тән турмыс ҳақыйқатлықлары сәўлеленгенликтен, идеялық бағдары, сюжетлик мотивлери, айырым қаҳарманлар образының жасалыўы бойынша типологиялық жақтан усап та кетер еди. Сол ушын, «Соңғы ҳүжим» романы айырым қаҳарман образларының сыпатлы белгилери бойынша «Ашылған тың» романын ядқа түсиретуғыны да рас. Лекин, Т.Қайыпбергенов өз романында пүткил аўқамлық әдебият көлеминде көтерилген

---

[1] Нурмахаммедов М. Шығармаларының еки томлығы, 2-том, -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985, -401-402-б; Нарымбетов Ж. Каракалпаский роман. — Ташкент: «Фан», 1974. – С. 115-117.; Төлепберген Қайыпбергенов. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. –Ташкент-Самарканд. Изд. ФАН АН Уз ССР, 1968, —С. 524-529.; Насруллаева З. Каракалпакия мой край родной. –Нукус: «Каракалпакстан», 1979, —С. 109-113.; Герой современной каракалпакской прозы. –Нукус: «Каракалпакстан», 1976, —С. 159-169.; Бахадырова С., Насруллаева З. Тулепберген Кайыпбергенов. / История каракалпакской литературы. –Ташкент: «Фан», 1981. – С. 350-378.; Бахадырова С. Роман ҳәм дәўир. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978. 63-71-б.; Худайбергенов Н. Размышления о каракалпакской литературе последных лет. // «Звезда Восток», №12, 1962. –С. 26-27.; Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. —Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977. -202-207-б.; Пахратдинов Ю. Ҳәзирги заман қарақалпақ прозасындағы сатира. —Нөкис «Қарақалпақстан», 1988. -67-95-б.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
91223

бул теманы миллий шараятларға байланыслы келип шыққан өзгерислерге бола өзинше ашып бериўге хәрекет етеди. Роман ўақыялары «Қурама» деп аталатуғын кишкене бир аўыл ишинде болып өткени менен, автор бул ўақыяларды 30-жылларда пүткил республика халқы өмирине тән болған улыўмахалықлық ўақыялар етип типиклестирип сүўретлейди. Автордың романда айтажақ болған нийети менен көзде тутқан мақсети де, мине, усы өзгешеликлерди сүўретлеп бериў арқалы келип шығады, яғный автор бул шығармада жәмәәтлик хожалық қурыўдың қарақалпақ шараятындағы өзгешеликлерин, яғный бир миллет адамларын дос-душпанға айырып, қырғый қабақ еткен коллективлестириўдиң қарама-қарсылықлы қыйын жолын, усы жәмәәтлик хожалық қурыў ушын гүрес ўақыялары фонында 30-жыллардағы халық өмирине тән турмыс ҳақыйқатлығын ашып бериўди бас мақсет тутқан.

Романда бул турмыс ҳақыйқатлығы Айтжан, Жийемурат, Дәрменбай, Жәлмен, Серкебай, Турман хожа, Қәлмен сүўпы усаған ҳәр қыйлы минез-қулықтағы, ҳәр қыйлы психологиядағы, ҳәр қыйлы қатлам адамларының образын жасаў арқалы үлкен шеберлик пенен ашып берилген.

Романның тийкарғы конфликти де, мине, усы қаҳарманлардың жәмәәтлик хожалық қурыў мәселесине болған қатнасы, көз-қарасына байланыслы келип шығады. Олардың бир топары Айтжан, Жийемурат, Дәрменбай, Темирбек жәмәәтлик хожалық дүзиминиң тәрепдарлары, оны дәслепки дүзиўшилер, оның жеңиси ушын гүресиўшилер ҳәм қуўатлаўшылар болса, екинши бир топары Серкебай, Жәлмен, Қәлмен оған тис-тырнағы менен қарсы ески дүзимниң сақланып қалыўының жанкүйерлери есапланады. Олардың арасында қайсы тәреплик боларын билмей дәрдесерликте жүрген Турманхожа сыяқлы турақсыз элементлер де бар. Бул қаҳарманлар арасындағы қарама-қарсылық әпиўайы келиспеўшиликлер емес, ал үлкен жәмийетлик мәниге ийе қарама-қарсылықлар-өмир-өлим гүреси. Серкебай баслаған ески топар өз бийлигин тегинликте қолдан бережақ емес, өз үстемликлерин сақлап қалыў ушын ҳәр қандай жаманлықлар ислеўге де тайын... Сол ушын да, олар аўыл дийқанларының басшысы өмирине қастыянлық етип өлтирип, аўылға жәмәәтлик хожалық қурыў

тапсырмасы менен жаңадан келген Жийемуратты да жоқ қылмақшы болады.

Роман конфликти, мине, усы эпизодлардан баслап шийеленисиў шегине қарай раўажланып барады.

Романда жәмәәтлик хожалық дүзиминиң бас белсендиси сыпатында Жийемурат образы жасалған. Жийемураттың жәмәәтлик хожалық дүзиминиң гүресшеңи сыпатындағы искерлиги оғада қыйын қарама-қарсылықларға толы шийеленискен ўақыялардан басланады. Ол жоқарының тапсырмасы менен аўылға келгенде, аўыл дийқанларының басшысы Айтжан түнде әлле кимлер тәрепинен өлтирилип, намазы берилейийн деп атырған болады. Дәслебинде ол өзине сүйеў болып, қап қолласқандай адам табалмайды. Бийтаныс аўыл, бийтаныс адамлар... Адамлардың жаңа хожалық дүзими ҳаққында жеткиликли түсиниги де жоқ. Оның үстине, Жәлмен сыяқлы жаңа дүзимниң қарсыласлары басшы орынларды ийелеп алған...

Бирақ, Жийемурат бойындағы әлпайымлық, мийнет сүйгишлик, миллий менталитетке ҳүрмет етиўшилик, дурыс басшылық ете билиўшилик, ақыллылық, тапқырлылық, жигерлилик усаған унамлы сыпатлар оның тез арада адамлар менен тил табысып, оларды изине ерте алыўына себепши болады. Ол өз дөгерегине алдыңғы Темирбек, Дәрменбай, Дәўлетбай, Айхан сыяқлы исенимли адамлар топлайды, олар менен бирге аўыл дийқанларының күн көрисин, турмыстан, салт-санасын муқыятлап үйренип шығады. Дийханларға жаңа жәмийетлик дүзимниң артықмашлықлары ҳаққында еринбестен түсиник жумысларын жүргизеди. Баслама көтерип жаңа хожалықтың мүлкханасы менен басшылық кеңсесиниң имаратын салдыртады. Жасларды, ҳаял-қызларды оқыўға жибериўди шөлкемлестиреди. Ақыр-аяғында аўыл адамлары санасына тәсир жасап, оларды халық мүлкине жаны ашыйтуғын жәмәәтшил адамлар сыпатында тәрбиялап шығарады. Буны биз романдағы Өмирбек ғарры, Садық, Турғанбек усаған дийқанлардың өмирлеринде жүз берип атырған өзгерислер ўақыясынан анық сеземиз.

Деген менен, Жийемурат бул табысларды аңсатлық пенен қолға киргизбейди. Жаңа хожалық дүзиминиң Серкебай,

Жәлмен, Қәлмен усаған қарсыласлары Жийемураттың барлық ийгиликли ислерин пушқа шығарыўға ҳәрекет етеди. Аўыл дийқанларының басшысы Айтжанды өлтирип тынған олар, енди Жийемуратқа да аўыз салып, үйме-үй кирип жүрип, жаңа жәмәәтлик дүзим, ол ҳаққында терис үгит таратып, адамларды оған қарама-қарсы қояды. Өтеген сыяқлы ийи бос адамларды изине ертип, адамларды тоғайға отын шабыўға бас қосып барыўдан бас тарттырып, жәмәәтлик жумыстан бездиртеди. Өмирбек усаған дийқанларды наҳақтан жала жаўып қаматтырып жибереди. Бирақ, жаңа хожалық дүзими руўхында оянған жаңа жәмәәтлик сана оларды кем-кем қатардан қысып шығарып бара береди. Өтеген алданғанын түсинеди. Турман хожаны Жәлмен топарына деген исенимсизлик бийлейди. Серкебай еки ойдың ортасында әўере-сарсаң болады. Жийемураттың жеңисине иши күйип, жалғыз қалған Жәлмен жәмәәтлик хожалықтың мүлкханасы менен кеңсесине от берип қашып, соңғы аяқ серппесин ислейди. Бирақ, автор романда бул соңғы аяқ серппени емес, бундай адамларға қарсы жаңа жәмәәтлик хожалық қурыў жолындағы Жийемураттай ел-халық мәпиниң жанкүйерлери алып барған «Соңғы ҳүжим» салтанатын улығлап көрсетеди.

Романда Жийемураттай ҳәм басқа да қаҳарманлар характери усындай турмыстан туўған ўақыяларға байланыслы ҳәр қыйлы кериниste избе-из, басқышпа-басқыш тәбийғый раўажланыўын таўып отырады. Ўақтында романдағы бул жетискенликлерге әдебият изертлеўшилери тәрепинен әдил баҳа берилди. Олардың дурыс көрсеткениндей, роман ҳақыйқатында да, «көркемлик дәрежеси бойынша да жоқары баҳаға ылайық. Оның композициясы ықшам. Керексиз образ ҳәм эпизодлардан аўлақ. Ўақыялар шығарманың идеялық бағдарына сай избе-из раўажланып отырады»[1].

Дурыс, роман кешеги тоталитар жәмийет идеологиясы көз-қарасынан келип шығып социалистлик реализм методы тий-карында жазылды. Бундай руўхта жазылған шығармаларда жаңа жәмийетлик дүзим адымлары менен табыслары менен жеңис-

[1] Нарымбетов Ж., Камалов Қ., Төлепберген Қайыпбергенов өмири ҳәм творчествосы. / Қарақалпақ әдебияты. Сабақлық. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984. 328-б.

лер көркемленип көрсетилмеўи де мүмкин емес еди. Бирақ, ис жүзине келгенде, романдағы ўақыялар сүўретленген дәўирдеги коллективлестириў сиясаты айырым шығармаларда «колхоз жақсы, колхозға кир» деп тәрийипленгениндей теп-тегис болып өткен емес. Колхозласыў соңғы жәриялылық, ғәрезсизлик дәўиринде мәлим болып атырғанындай, бир тәреплеме болып өтти. Көпшилик жағдайларда колхозласыў жаңа ҳүкиметтиң қанхорлық, залымлық сиясатының нәтийжеси сыпатында әмелге асырылды. Соның салдарынан айырым орта дийқанлар да класс сыпатында сапластырылып жиберилди...

Бул романда да бир тәреплемелилик орын алды, онда жаңа ҳүкиметтиң колхоз дүзимин қурыўдағы қанхорлық, залымлық сиясаты сәўлелениўин таппады. Бирақ, бул ушын биз авторды айыплаўымыз керек емес. Себеби, бул сиясат роман жазылған дәўирде, ҳәтте ғәрезсизлик дәўирине дейин де мәлим емес, мәлим болса да, айтыўға болмайтуғын қадаған етилген ҳақыйқатлық еди.

Роман бул ҳақыйқатлықларды сәўлелендирмегенлигине қарамастан, 50-жыллар қарақалпақ романшылығының ҳақыйқый көркем шығарма талапларына жуўап берерлик ең жақсы туўындыларының бири болып есапланады. Бул роман ҳақыйқатында да, автордың жазыўшылықтағы көркем шеберлик сырларын терең меңгерип, прозаның даңғыл жолына шығып алыў умтылысларындағы «Соңғы ҳүжими» болып қалды.

Усы жазыўшылық машақатлы қыйын соқпақларды басып өтип, бай көркемлик тәжирийбе топлаған Т.Қайыпбергенов 60-жылларда өзиниң еки китаптан ибарат «Қарақалпақ қызы» романы менен прозаның даңғыл жолына түсип, бул тараўда кәрўан басы болып жетилисип киятырғанлығын айқын дәлилледи.

## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ 60-70-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ПРОЗАСЫ

Т.Қайыпбергенов 60-жылларда бир қатар роман, повестьлер жазып, тек ғана өз дөретиўшилигинде емес, пүткил қарақалпақ әдебиятында үлкен илгерили бурылыслар жасап, прозамызға идеялық-тематикалық бағдарлары, жанрлық, формалық өзгешеликлери, қаҳарманлар образын жасаў, конфликт табыў, композиция дүзиў, ўақыяларды сүўретлеўдеги көркемлик шеберликлери бойынша салмақлы жаңалықлар алып кирди. Мысалы, ол өзиниң «Қарақалпақ қызы» романы менен қарақалпақ романшылығына еки китаплы роман-дилогия формасының кирип келиўине биринши болып тийкар салған болса, «Сууық тамшы», «Уйқысыз түнлер» повестьлери менен тек ғана лиро-эпикалық повестьлерден туратуғын қарақалпақ прозасын повестьлердиң жаңа түри лирико-психологиялық повестьлер менен байытты. Ал, «Қарақалпақ дәстаны» романының биринши китабы «Маман бий әпсанасы» менен болса биринишилерден болып тарийхый эпопеяға баслама салды. Солай етип, Т.Қайыпбергенов бул роман, повестьлери менен тек өзин кең қамтымлы, көп жобалы эпик прозаның ҳақыйқый шебери, талантлы жазыўшы сыпатында бурынғыдан да кеңирек таныттып қоймастан, бул тараўдың жетекши жанрға айланып, пүткил аўқамлық көлеминде де кеңнен таныдыўына, дүнья әдебиятлары қатарына қарай қәдем таслай баслаўына салмақлы үлес қосты.

«Қарақалпақ қызы» романы оның бул даңғыл жолға шығыўында үлкен хызмет атқарған дәслепки ири табысы есапланады. Жазыўшының бул шығармасы арқалы «Қарақалпақ әдебияты туңғыш рет жеке адамның жәмийетте алған орнын, ол жасаған жәмийеттиң тийкарғы қарама-қарсылығын терең психологиялық турғыдан сүўретлеп берген жаңа романына ийе болды»[1].

Романның биринши китабы 1963-жылы жарық көрди. Екинши китабы дәслеп 1964-жылы «Әмиўдәрья» журналының 1-5-

---

[1] Нарымбетов Ж. Төлепберген Қайыпбергенов. / Қарақалпақ әдебияты. Оқыў қолланбасы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. -464-б.

санлары аралығында дағазаланып, 1965-жылы өз алдына китап болып басылып шықты. Ал, 1978-жылы болса «Қарақалпақстан» баспасы романның еки китабын бирлестирип, қайта бастырып шығарды. Роман жазыўшының 5 томлығының 1980-жылы жәрияланған 4-томына да енгизилди. Ғәрезсизлик жылларында болса роман қазақ, түрк тилине[1] аўдарылып, басылып шықты.

Роман өзиниң қарақалпақ тилинде баспа көрген дәслепки жылларынан баслап-ақ өзбек (1963) ҳәм рус («Звезда Востока», №1-1968) тиллерине аўдарылып, дағазалана баслады. Роман рус тилинде Москва, Ташкент, Нөкис қалаларындағы китап баспаларында да бир неше рет (1968, 1971, 1977, 1989) басылып шықты. Бул шығарма 1977-жылы украин тилинде де жарық көрди. Роман 1963-жылы Ташкентте болып өткен Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосының ҳәптелиги ўақтында ең жақсы романлар қатарында жоқары баҳа алыўға миясар болды. Бул роман тийкарында өзбек ҳәм қарақалпақ тиллеринде телерадио постановкалар, Ташкент қаласындағы Мухимий атындағы театрда спектакль, «Өзбекфильм» киностудиясы тәрепинен «Қайсар қыз» атамасында көркем фильм дөретилди. 1967-жылы автор бул роман-дилогиясы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты болды. Улыўма, роман 60-жыллар қарақалпақ прозасына үлкен әдебий қубылыс болды. Бул ҳақыйқатлықты М.Нурмухамедов, Ж.Нарымбетов, З.Насруллаева, С.Баҳадырова, Ә.Қожықбаев, Н.Худайбергенов, П.Шермухамедов, Ю.Пахратдинов, Қ.Султанов усаған илимпазлардың роман ҳаққында сол 60-жыллардан бүгинги күнге дейин айтылып киятырған унамлы пикирлери айқын дәлиллейди[2]. Мысалы,

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ кизи. –Анкара, 2008.

[2] Қараңыз: Нурмахаммедов М. Современная каракалпакская проза. – Ташкент: «Фан», 1968. –С. 159-166.; Нурмахаммедов М. Шығармаларының еки томлығы, 2-том, –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985, 402-410-б.; Нарымбетов Ж. Каракалпаский роман. –Ташкент: «Фан», 1974. – С. 82-121.; Насруллаева З. Герой современной каракалпакской прозы. –С. 169-204.; Бахадырова С. Фольклор и каракалпакская проза. С.159-165.; Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. 207-212-б.; Максетов Қ. «Қарақалпақ қызы». // «Әмиўдәрья» N3. 1964.; Аллаяров С. Өмирге қуштарлық. // «Әмиўдәрья» N4. 1964.; Аллаяров С. Турмыс ҳақыйқатлығы ҳәм образ. // «Әмиўдәрья» N10. 1965.; Пахратдинов Ю. Ҳәзирги заман қарақалпақ прозасында сатира. 116-125-б.; Султанов Қ. Т.Қайыпбергеновтың прозасы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. – 24-51-б.

М.Нурмухамедов романның биринши китабының өзинде-ақ үлкен қанаатланыўшылық билдирип роман хаққында «хәзирги қарақалпақ әдебиятының үлкен табысы, роман қарақалпақ прозасының хәзир тынымсыз өсиў хәм раўажланыў процесин бастан кеширип атырғанлығын дәлиллейди[1]» деген жуўмаққа келеди.

Илимпаздың көрсетиўинше, бул табыс оның хаял-қызлар темасына бағышланғанлығында емес, жазыўшының қахарманның ой-сезимине тереңирек үңилиўинде, персонажлардың ис-хәрекетлерин психологиялық анализге тартыўында, адам өмириниң хәр қыйлы қоспалы өзгерислерине анық хәм исенимли сәўлелендиргенлигинде, жеке адам тәғдирин тарийхтың ўақыялары менен байланыста алып терең изертлегенлигинде көринеди.

Ҳақыйқатында да, «характерлерди, қахарманлардың ишки дүньясын терең ашыўы, қарақалпақ хаял-қызларының өтмиштеги аянышлы, жан түршигерлик қорқынышлы тәғдирин айқын ашып көрсетиўи жағынан роман усы темаға арналған қарақалпақ жазыўшыларының көп санлы шығармаларының ишинде ең жоқары орынлардың бирин ийелейди»[2].

Роман атамасынан көринип турғанындай, хаял-қызлар темасына бағышланып жазылған. Дурыс, бул темада қарақалпақ әдебиятында Т.Қайыпбергеновке дейин де бир қанша шығармалар дөретилди, прозалық шығармаларда бас қахарманның хаял-қызлардан болыў дәстүри 50-жыллардың ақырында-ақ А.Бегимовтың «Балықшының қызы», Ж.Аймурзаевтың «Әмиўдәрья бойында» романларында Айқыз хәм Раўшанлардың образларында көзге түсе баслады. Бирақ, Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ қызы»ндағы Жумагүл образы, жоқарыдағы силтемелерде келтирип өткенимиздей, адам келбети менен оның ишки дүньясы, ис-хәрекетлери өз тәбийғый халатында, характерлердиң өсип-өзгериў занлылығын дурыс басшылыққа алған халда, дәўир, тарийх ўақыялары менен тығыз байланыслылықта эволюциялық жол менен, психологиялық жобада ашып көрсетилген хәм жеке, хәм типик сыпатларға ийе дәўир қызының жуўмақласқан сап тулғасы болып жасалынды. Бул образ арқалы

---

[1] Нурмухамедов М. Шығармаларының еки томлығы. 2-Т. 410-б.

[2] Нурмухамедов М. Шығармаларының еки томлығы. 2-Т. 402-403-бетлер.

автор XX әсирдиң 20-жылларына дейин қарақалпақ халқының турмысында орын алған социаллық теңсизликке қарсы гүрес басқышларында оянған қарақалпақ хаял-қызларының жаңа жәмийетлик сана сезиминиң өсиў жолларын, олардың еркинлик, теңлик, гөззал ҳәм пәраўан турмыс қурыў ушын алып барған гүреслеринин тарийхый әҳмийетин ашып бериўди бас мақсет тутқан. Сол арқалы автор шығармада жәмийеттиң азатлығы — бул биринши гезекте ҳаял-қызлар азатлығы деген уғымды келтирип шығарған.

Романда бул идеяларды бастан-аяғына тасып жүриўши бас қаҳарман Жумагүл характери усы социаллық теңсизликке қарсы гүреслер барысында ҳәр тәреплеме ашылыў таўып отырады. Жумагүл бул гүресшенлик дәрежеге бирден келип жетпейди. Ол да дәслебинде (шығарманың дәслепки бапларында) усы теңсизлик қурбаны болыўға сәл-сәл қалып турған, ески жәмийеттиң кертартпа нызамлықларына бола ҳуқықы шекленген, әдалатсызлық ҳәм мийримсизликтиң жәбирин шеккен көпшилик ҳаял-қызлардың бири болады. Ол бул әдалатсызлықты ең биринши рет өз ата-анасының үйинде көреди. Әкеси Зәрипбай қыз баланы перзент деп писент етпейтуғын, бирақ мал-дүньясының байлығына мәсирген, адамгершилиги төмен, келтепәм, мийримсиз адам болып шығады. «Ул бала туўып бермедиң» деген бәне менен хаялы Сәнемге урып-соғып азап берип, басқа бир жас қызға үйленбекши болады. Усының салдарынан кишкене қыз Жумагүл анасы Сәнем менен бирге үйинен қуўылады. Қолы ушы жәрдем берерлик ҳеш ким табылмайды. Қарасы жуғады, деп туўысқан дайысы Төренияз да оларды үйине киргизбейди. Аналы-балалы екеўи бир тамаққа зар болып, дийўанашылық етип, есикпе-есик тентиреп жүреди. Ақыр-аяғында Қутымбайдың үйинен баспана таўып, анасы Сәнем оның үй жумысларын ислеп, Жумагүл болса баспақларын бағып күн көреди. Жалғыз тамағын берип, асырап атырғанын миннет еткен Қутымбай Жумагүлди аўылдағы жасы биразларға барып қалған ғарры бир моллаға ҳаяллыққа бермекши болады. Жумагүлдиң турмыс теңсизликлерине деген дәслепки наразылықлары, мине, усы ўақыялар себепли келип шығады. Жумагүл өз тәғдирин өзи шешкиси келип, ең қурығында өз теңим ғой деп, жас, бирақ

ески дәстүрдиң шырмаўынан шығыўға ерки жетпейтуғын Турымбет деген ақылсызлаў жигит пенен қашып кетиўге мәжбүр болады. Жумагүлдеги ески турмысқа, ҳаял-қызларды мал орнында көрип, азаплап хорлаўға, ҳуқықсызлыққа деген ҳақыйқый наразылық оты Турымбеттиң үйине келин болып түскеннен кейин күшли хәўиж алады. Мийримсиз, тасбаўыр кемпир қәйин ене Жумагүлге тынымсыз аўыр жумыслар ислетип, көзин аштыртпайды. Хәр ким менен сөйлестиң, аўқатты таўыспай иштиң, бала туўмадың, дегенге усаған хәр қыйлы бәнелер менен оны жазықсыздан-жазықсыз азаплайды.

Бул шексиз азапланыўлар жанына тийип, шыдам шегинен шығып, не ислерин билмей шарасыз калған Жумагүл ақырында өзин-өзи өлтириў ойына да дейин барып жетеди. Боранлы түнде үйинен жасырынып шығып, өзин Кегейлиниң муз катқан үкисине таслап жибермекши болады. Бирақ, ғәрип анасы менен қурсағындағы ендиги туўылажақ бийгүнә нәрестениң тәғдири ядына түсип, бул ойынан қайтады. Оның үстине, Айтбай менен Төребайдың келешек жақтылы өмир ҳаққындағы айтқан гәплерин де еслеп, өзин өлтириў ҳаққындағы пикирлеринен ўаз кешеди. Көкирегинде азғантайда болса үмит ушқынлары жылтылдайды...

Бул үмит ушқынлары оны шешиўши карарға келтирип, қалай болмасын анасын таўып алыўға бел байлаттырады. Оны излеп Шымбайға бармақшы болып жолға шығады. Бирақ, қараңғы түнде қуўдалада адасып, шаршап ҳарыған ҳалда бир жантақ гүдиниң түбине келип жығылады. Түни менен қар жаўып шығады. Азанда үсти-басының қарын қағып таслап, және жолға түседи.

Жолда ол мийримсиз, қатал, ҳайўан кебиндеги әкеси Зәрипбайға дус келеди. Изине қайтармаўды сорап, жалынып жалбарынған менен, әкеси оның дуў-сыйына қарамайды. Алдын кес-кеслеп, үстине ат айдап, қамшы астына алады. Бирақ, алған бағытынан қайтқысы келмей, қамшыдан қорғанып атырған қызды ат та баспайды. Ашыўға буўлығып тас-талқаны шыққан Зәрипбай қамшыны оннан сайын шырпылдатады. Жумагүл оннан сайын тас болып, сес-семир тил қатпайды. Шымбай жаққа жүрип кетпекши болып жулқынып жанталасады...

М.Нурмухамедов романда сүўретленген бул ўақыяларды «романдағы ең бир қатал, жантүршиктирерлик картиналар»

деп баҳалай отырып, бул сүўретлеўлерди «қаҳарманның (Жумагүлдиң-А.К.) ишки дүньясын терең ашыўының, психологиялық пландағы унамлы образ жасаўының айқын мысалы[1]» деп көрсетеди.

Жумагүл мине, усы қарама-карсылықлы қыйын ҳәм машақатлы жолларды басып өтиў арқалы өз мақсетине жетеди. Тек өзи ғана мақсетке жетип қоймастан, Бийбигүл ҳәм Турдыгүл усаған курдасларының санасының ояныўына да үлкен тәсир жасайды... Ол басып өткен жол - жаңа жәмийетлик бурылыслар дәўириндеги пүткил қарақалпақ ҳаял-қызларының басып өткен жолы есапланады. Сол ушын да, бул образ XX әсирдиң биринши шерегиндеги еркинликке, азатлыққа, тең хуқықлыққа, билим-мәрифатқа, азат ҳәм абат жаңа өмирге умтылған ҳәм сол ушын гүрескен жаңа санадағы жолбасшы қарақалпақ ҳаял-қызларының типик ўәкили сыпатында көзге тасланады.

Көрип отырғанымыздай, романның тийкарғы конфликти де усы теңсизлик турмыс келтирип шығарған үлкен жәмийетлик мәниге ийе социаллық конфликт болып табылады. Роман қаҳарманларының бир топары усы социаллық теңсизликти келтирип шығарған жәмийеттиң тийкарғы сүтинлери, бийлик ҳәм байлық ийелери болған Зәрипбай, Қутымбай, Дүйсенбай, Тәжим мурт, Ханымгүл, Гүлбийке сыяқлы киси қанын теспей сорыўшы, барлық нәрсени мал-дүнья, байлық, ҳамал менен өлшейтуғын мийиримсиз, залым, қанхор, бийнамыс иплас адамлар. Олардың арасында сол мүлкдар, мийиримсиз адамларға қолжаўлық болып, еки оттың ортасында өз басын өзлери жеп жүрген Турымбет, Тәңирберген машыншы, Төренияз усаған еки дүньяның әўереси адамлар да бар.

Романда бул қаҳарманлар образына қарама-карсы жобада Сәнем, Турдыгүл, Бийбигүл, Айтбай, Төребай, Бағдагүл, Қалый, Бийбайым усаған ҳақ көкирек, мийнеткеш, жақсылыққа жанықумар адамгершиликли адамлардың образы жасалған.

Романда бул образлардың ҳәр бири шығарманың тийкарғы идеясын ашып бериўде мәлим дәрежеде хызмет қылған. Мысалы, Зәрипбай, Дүйсенбай, Қутымбай, Тәжим мурт ҳәм т.б. унамсыз образлар мысалында ески феодаллық жәмийеттиң адамды адам езиўге тийкарланған, адамның ҳақ-хуқық қәдириятларын

[1] Нурмухамедов М. Жоқарыда силтеме берилген мийнети, 404-405-бетлер.

аяқ-асты қылатуғын нызамсызлықлары, мийримсизлик ҳәм зорлық сыпатлары ашып берилсе, Сәнем, Турдыгүл, Бийбигүл, Бийбайым, Қалый, Төребай, Айтбай ҳәм т.б. усаған унамлы қаҳарманлар образлары арқалы адам шыдамаслық аўыр мийнет пенен нызамсыз азап-ақырет көриўлерден езилген, хорланған әпиўайы мийнеткеш дийқанлардың жақсылыққа, жақты күнлерге ерисиў жолындағы арзыў-әрманлары менен умтылыслары, сол ушын алып барған гүреслери айқын көрсетилген.

Т.Қайыпбергеновтың 60-жыллар қарақалпақ прозасында өнимли ҳәм табыслы ислегенлигининң және бир гүўасы — оның усы жылларда жазылған «Сууық тамшы» (1964), «Уйқысыз түнлер» (1965) еки лирико-психологиялық повести болды. Ол бул шығармалары менен қарақалпақ повестшилигин тек мазмун жағынан байытып қоймастан, оған жанрлық, формалық жақтан да жаңа түр, жаңа сыпат енгизди, өзининң заманагөй темаларда да қәлем тербетиў мүмкиншилигининң кең екенлигин дәлиллеледи.

Повесть қарақалпақ тилинде китап болып шыққаннан кейин, көп узамай-ақ (1969-жылы) А.Қаххар, Г.Якуповлар тәрепинен өзбек тилине аўдарылып басылып шықты. «Бул үлкен жумыс ғой!» деп повесть аўдармасы тийкарында Т.Қайыпбергенов талантына үлкен баҳа берген А.Қаххар буннан кейин де оның «Уйқысыз түнлер» повестининң аўдармасын редакторлап, китап болып басылып шығыўына жақыннан жәрдем береди[1]. Оның «Сууық тамшы» повести рус (1978, 1990) ҳәм түркмен (1983) тиллеринде де китап болып басылып шықты.

Т.Қайыпбергеновтың бул повестьлери 70-жыллардағы изертлеўлер менен әдебий сында унамлы баҳа алды[2].

Айырым арнаўлы изертлеў жумыслары менен сын мақалаларда атап өтилгениндей, бул повестьлер қаҳарманлардың психологиясын, ишки руўхый дүньясын терең ашып бериўи, адам санасының өз-өзи менен гүресин көрсетиўи ҳәм ўақыяларды, турмыс фактлерин қаҳарманның сезими арқалы сүў-

[1] Салаев Ф. Уллы жазыўшының үлкен хызмети. // «Әмиўдәрья». N3. 2007. 114-б.

[2] Камалов Қ. Қарақалпақ повести. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978. – 79-88-б.; Насруллаева З. Каракалпакия - мой край Родной. – Нукус: «Каракалпакстан», 1979. – С.117-121.

ретлеўи жағынан басқа лиро-эпикалық повестьлерден бир қанша өзгешеленип турады[1].

Т.Қайыпбергенов та бул повестьлеринде лиро-эпикалық повестьлерге тән болған қаҳарманның ишки кеширмелери, еске түсириўлери, күнделик дәптер, хат ҳәм т.б. сүўретлеў өзгешеликлеринен пухта пайдаланған. Атап айтсақ, «Суўық тамшы» повестинде усы шығарманың бас қаҳарманы Камалдың күнделик дәптери тийкарғы сүўретлеў формасы болып хызмет етсе, «Уйқысыз түнлер» повестинде ўақыялар лиро-эпикалық қаҳарман Гүлзардың тилинде биринши бетте баянланыўын табады.

Еки шығарма тек формалық жақтан емес, идеялық мазмун, тематикалық жақтан да бир-бирине жүдә жақын келеди. Бул повестьлердиң екеўинде де екинши жер жүзлик урыстың жаслар тәғдирине тийгизген зыянлы ақыбетлери көрсетип бериледи. Мәселен, «Суўық тамшы» повестиниң қаҳарманы Камал пәк ҳүжданлы, мийнет сүйгиш, уқыплы ҳәм зийрек, үйинде де, жәмәәтте де, адамлар арасында да, сүйген қызы Зыяданың алдында да абройлы, өмирде ығбаллы, жумыста алдыңғы қатар ылғаллы жигит болғаны менен, өмир бойы бир нәрседен — ол да болса әкеси Жамалдың урыс дәўириндеги сатқынлықларынан қыйналып, ҳүждан азабында жасайды. Мудамы «сатқынның перзенти» деген ат көтериўден қалай қутылыўдың жолларын ойлап, өзин өзи жеп, ишинен жемириледи.

Қаҳарман санасындағы бул машақатлы гүресте оның пәк ҳүжданы, Ўатанға шын берилгенлик, әдеп-икрам, адамгершилик, саналылық пазыйлетлери бәринен басым келип жеңип шығады. Бул гүресте ол анасынан, сүйген қызы Зыядадан, жәмәәттен, дөгерегиндеги жақсы адамлардан қуўатлаў табады. Ақыр-аяғында ол сүйген қызы Зыяданың урыста қаҳарманларша қаза тапқан әкесиниң фамилиясына өтип, Ўатан қорғаў ушын әскерликке атланады. Ол буны үлкен бахыт деп есаплап, қатты қуўанады. Бул арқалы автор руўхый пәклениўдиң адам баласы ушын үлкен бахыт екенлигин көрсетип береди.

Ал, екинши «Уйқысыз түнлер» повестинде урыста ата-анасынан айырылып, бир көзи ләкет, журдай жетим болып

[1] Қарақалпақ әдебияты. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984. – 334-б.

қалған Гүлзардың турмыс қыйыншылықлары менен гүрестеги аянышлы тәғдири сөз етиледи.

Шығармада Гүлзар образы усындай турмыс қыйыншылықларында шынланып пискен, пәк ҳүжданлы, перзентлик парызға, дослыққа, муҳаббатқа садық, меҳрибан, адамгершиликли адам сыпатында жасалған. Ол урыста ата-анасынан айырылып, жетим қалып, балалар үйинде тәрбияланған рус қызы екенлигин биле турса да, ҳәтте, үлкейип, кәмалатқа келип, өмирден өз орнын тауып кетсе де, урыс жылларында өзин өлимнен қутқарып қалып, «Гүлзар Қарақалпақова» деген ат пенен балалар үйине тапсырып кеткен қарақалпақ солдатын ҳеш ядынан шығармайды, оған бәрҳама миннетдар болып жүреди. Оны тауып алып, рахмет айтқысы келеди. Сол мақсетте оны излеп Қарақалпақстанға келеди.

Жазыўшы оның бул Қарақалпақстанға келиў сапарларын, өзин өлимнен қутқарып қалған солдат-әкени излеўлерин, емлеўханада бийтаныс қарақалпақ ҳаялы менен танысыўларын, оған деген мийирбанлық қатнасықларын, оның Қарақалпақстанлы жигит Маратқа деген муҳаббатын қаҳарманның ой-сезим, ишки кеширмелери арқалы оғада шеберлик пенен көркем етип сәўлелендирип бере алған.

Автор шығармада усындай лирикалық-психологиялық сүўретлеў усылларынан басқа да портретлик сүўретлеўлер менен поэтикалық детальластырыўлардан да пухта пайдаланған. Мысалы, «Суўық тамшы» повестиндеги моншадағы қаҳарман төбесине тамған суўық тамшы деталынан оның өмирине түскен дақ – әкесиниң сатқынлығы Камал өмирине түскен үлкен бир суўық дағ екенлигин символластырып бергенлигин сезсек, Гүлзар Қарақалпақованың дөңгеленип қырылған шаш түрмеклерин Гогольдың шашына усатып сүўретлеўлеринен жазыўшының портретлик сүўретлеўлердиң де шебери екенлигин көриўимизге болады.

Жазыўшы бул повестьлериниң изи менен 1968-жылы «Қарақалпақ дәстаны» роман-эпопеясының «Маман бий әпсанасы» атлы биринши китабын баспадан шығарды. Бул қарақалпақ прозасындағы К.Султановтың «Әжинияз» романынан кейин дөреген екинши тарийхый роман еди. Соң 1971-жылы романның екинши китабы «Бахытсызлар», 1976-жылы үшинши китабы «Түсиниксизлер» басып шығарылды. Роман

1979-1980-жылларда басып шығарылған бес томлығына ҳәр китабы бир томнан 3 том болып енгизилди. Солай етип, жазыўшы қарақалпақ әдебиятында биринши болып үш китаплы роман-трилогия жаратты. Жазыўшы бул романы ушын 1986-жылы бурынғы Кеңес аўқамы Республикаларының мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды. Роман жарық көрген жылларынан баслап өзбек, рус, қырғыз тиллеринде бир неше рет китап болып басылып шықты. 1982-1983-жылларда болса, бул романлар өзбек тилинде де үш томлық етип шығарылды. 1998-1999-жылларда өзбек тилиндеги бул үш томлық ғәрезсизлик рухында қайта исленип, және жаңадан бастырылып шығарылды. Мәмлекетлик сыйлыққа усынылыўына байланыслы бул романлар 1985-жылы рус тилинде де бурынғы басылымы тийкарында ҳәр китабы дара-дара қайта баспа көрди. Ғәрезсизлик дәўиринде романның биринши, екинши китабы З.Сақыевтиң аўдарыўында қазақ тилинде жәрияланды[1].

Романлар «Маман бий әпсанасы» атлы биринши китабы баспа көрген[2] дәслепки жылларынан баслап-ақ, көп ғана изертлеў жумысларының объекти. Атап айтсақ, бул китапларға З.С.Кедрина, З.Насруллаева, Қ.Султанов, Ә.Қожықбаев, Қ.Камалов, С.Баҳадырова, Ю.Суровцев, М.Ломунова, П.Шермухамедов, П.Нуржанов усаған илимпазлар тәрепинен ҳәр қыйлы пикирлер билдирилди[3].

Бул шығармалардағы ҳәр қыйлы мәселелер бойынша

---

[1] Қарақалпақ дәстаны. Маман бий әпсанасы. I китап; Бахытсызлар. II китап. – Астана: Аўдарма, 2008.

[2] Қараңыз: «Әмиўдәрья». 1967. 7-12-санлар, 1968. 1-5-санлар, «Қарақалпақстан» баспасы, 1969.

[3] Кедрина З.С. Стойкость. В ин. На языке дружбы. Стати литературные портреты. – Москва, 1984.; Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман.; Насруллаева З. Герой современной каракалпакской прозы. – С.209-240.; Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977. – 53-152-б.; Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. 49-80-б.; Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская проза. – Нукус: «Каракалпакстан», 1984. – С.166-184.; Камалов Қ. Дала бүркити. – Нөкис: «Каракалпакстан», 109-114-б.; Ломунова М. Живой исток современности. //Вопросы литературы. 1983. N12.; Суровцев Ю. В 70-е и сегодня. Очерки теори и практики современного литературного процесса. М, 1985.; Шермухамедов П. Мир писателя: его книги, его народ. – Нукус: «Каракалпакстан», 1982. – 85-133-б.; Нуржанов П. Сверяя с народный памятью. – Нукус: «Билим», 1994.

П.Нуржанов, Т.Қурбанбаева, Ҳ.Өтемуратовалар кандидатлық диссертациялар жақлады[1].

Дурыс, романда тартыслы пикирлерге тийкар боларлық қурамалы ўақыялар да ушырасты. Бундай ўақыялардың сәўлелениўи ўақтында әдебий сында көп шаў-шуўлардың орын алыўына да себепши болды. Мәселен, белгили әдебиятшы З.Насруллаева романның жетискенлик тәреплерине объектив таллаў жасай отырып, романның «Маман бий әпсанасы» китабындағы Аманлықтың өз қарындасы Алмагүлге қосылыўы ўақыяларын қарақалпақлардың әдеп-икрам, миллий менталитет, миллий психология нызамлылықларына уғрас келмейтуғын унамсыз факт сыпатында қатты сынға алады[2]. Бул пикирлер, әлбетте, тартыслы мәселе.

Деген менен, бул мәселеге әдил баҳа бериўди оқыўшылардың өзлерине қалдырып, романның жетлискенликлери ҳаққында бир-еки аўыз сөз айтып өтпекшимиз.

Орайлық Азия халықлары әдебиятында тарийхый прозаның пайда болыўы, қәлиплесиў ҳәм раўажланыўы жолларына сер салып қарасақ, үш дүркин әўладтың орны айрықша гиреўли екенлигин көремиз.

Бунның биринши 20-жыллардың өзинде-ақ тарийхый прозаның тырнақ тасларын қалай баслаған А.Қадирий, Б.Майлин, С.Сейфулин, С.Айнийлер еди. Бирақ, бул дәўирдиң тарийхый прозасы өз дәўири көркем прозасы тәжирийбесине ылайық тарийхыйлық сыпатқа ийе болды. Себеби, бул дәўир авторларының айырымларында тарийхый фактти көркем шынлыққа айландырыў шеберлиги жетиспеди. Сонлықтан да бул дәўирдиң көпшилик шығармаларында қаҳарман образын жаратыўда психологизм, ҳақыйқый реальлық, детальластырыў, қаҳарман характерининң раўажланыўындағы ишки эволюциялық усыл жеткиликли дәрежеде сезилмеди.

---

[1] Нуржанов П. «Дастан о каракалпаках» Т.Каипбергенова. Автореф. канд. дисс... - Москва: 1993.; Утемуратова Ҳ. Историческая правда и образы исторических личностей в трилогии «Дастан о каракалпаках» Т.Кайыпбергенова. Автореф. канд. дисс... - Нукус: 1992.; Қурбанбаева Т. Проблема сюжета и композиции в творчества Т.Кайыпбергенова. Автореф. канд. дисс... - Ташкент: 1985.

[2] Насруллаева З. Герой современной каракалпакской прозы. – С.232-233.

Түркий тиллес халықлар әдебиятында тарийхый прозаны шын мәнисиндеги тарийхый проза дәрежесине жеткерген, тарийхый прозада тарийхый шынлықтың көркем сәўлелениўинде реалистлик сыпатты тереңлестирген, тарийхый проза қаҳарманлары образын психологиялық планда жасаўға күшли бет бурған, қаҳарман образы менен халық массасы образын тығыз байланыста жасаў тәжирийбесин прозаға алып кирген жазыўшылар булар 40-50-жылларда түркий халықлар тарийхый прозасынын екинши бир әўлады болып дүньяға даңқ шығарған Айбек ҳәм Мухтар Әўезовлар болды.

Дурыс, түркий халықлар прозасында Айбек 40-жыллардың орталарында-ақ тарийхый прозаны өзиниң «Наўайы» романы менен жоқарыдағы биз айтып өткен унамлы көркем сапалық дәрежесине жеткерген еди. Ол өзиниң бул «Наўайы» романында өзбек романшылығындағы миллий реалистлик роман дөретиў дәстүрин дөретиўшилик пенен раўажландыра отырып, романшылықта үлкен жаңалық Айбекке тән жаңа дәстүр де жаратты, яғный Айбек өзбек романшылығында, улыўма түркий халықлар романшылығында биринширлерден болып тарийхый романның жаңа түри — тарийхый-биографиялық роман жаратты.

40-жыллардың басында тарийхый романшылықта Айбек пенен бир қатарда бул дәстүрди даўам еткен Мухтар Әўезов болды. Мухтар Әўезов тарийхый тулғалар, әсиресе халық улы дәрежесине көтерилген үлкен көркем сөз шеберлери ҳаққында роман дөретиў дәстүрин өзиниң «Абай жолы» романында өзинше даўам етип, түркий халықлар тарийхый романшылығын және де жоқары шеклерге көтерип, өз романында тутас халық тәғдирин өз халқының идеяларын прогрессив бағытта раўажландырыўшы жеке адамлар тәғдири менен тығыз байланыслы ҳалда сәўлелендиретуғын реалистлик сүўретлеў усылын шеберлик пенен қолланыў арқалы түркий халықлар тарийхый романшылығында биринширлерден болып роман-эпопея дөретти. Солай етип, ол қазақ халқының XIX әсирдеги демократ және ағартыўшы шайыры Абайдың өмирге озық көз-қарасының қәлиплесиўин ҳәм өз заманының озық ойлы адамы сыпатында феодаллық, руўлық қатнасларға қарсы гүресин көрсетиў арқалы өз халқының пүткил бир әсирлик жәмийетлик-тарийхый өмирин эпикалық планда сүўретлеп берди.

Тарийхый романшылық Айбек, Мухтар Әўезов баслаған бул дәстүрлер 60-жыллардың ақырында түркий халықлар тарийхый романшылығында тарийхый романшылардың Т.Қайыпбергенов, Ә.Якупов, К.Султанов, П.Қадыров, Я.Ильясов, И.Есенберлин, М.Мағуин сыяқлы үшинши бир әўладының пайда болыўына себепши болды.

Айбек, М.Әўезовлардың роман-эпопея дөретиў дәстүри айрықша қарақалпақ жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергеновтың творчествосына сезилерли дәрежеде тәсирин тийгизди. «Қарақалпақ әдебиятында тарийхый роман жазыўдың тәжирийбеси болмағаны мени онша қыйландырған жоқ» деп келтиреди автордың өзи де өзиниң рус тили арқалы рус, дүнья әдебиятының үлгилеринен, сондай-ақ, туўысқан түркий тиллес халықлардың реалистлик тарийхый романшылығының дарғалары болған Айбек, М.Әўезов творчестволарынан шеберлик пенен үйренгенлигин жасырмай.

Автордың бул пикирин оның «Қарақалпақ дәстаны» роман-эпопеясының өзи дәстиярлы дәлиллеп турады. Т.Қайыпбергенов бул роман-эпопеяны, өзи айтқандай прогрессив миллий дәстүрлерди терең өзлестириў, рус ҳәм туўысқан түркий тиллес халықлар романшылығы менен жәҳан романшылығының жетискенликлерин өзиниң жазыўшылық устаханасында тығыз жәмлестире алған новаторлық тапқырлық талант пенен дөретти.

Трилогия халқымыздың дерлик үш әсирге шамалас дәўир ишиндеги басып өткен машақат ҳәм қаҳарманлықларға толы даңқлы тарийхый жолын, халықтың усы дәўирлер ишиндеги өзлигин, миллий мәмлекетшилигин сақлап қалып, өз алдына ғәрезсиз халық, миллет болып жасаў ушын алып барған халық азатлық гүреслерин, усы гүреслердеги халық сардарлары менен батыр улларының данышпанлық басшылық ислери менен қаҳарманлық ерликлерин сөз етиўге бағышланған.

Романда сөз етилген бул мәселелер халық массасы менен тығыз байланыстағы бас қаҳарманлар Маман бий, Айдос баба, Ерназар алакөз сыяқлы қаҳарманлар образларының жасалыўы арқалы шебер ашып берилген, яғный шығармада жеке тарийхый тулғалар тәғдири менен халық массасының тәғдири тутас

халда сәўлелениўин тапқан. Бул сыпатлары бойынша трилогия роман-эпопеяның талапларына толық жуўап береди.

Трилогияның үш китабында да XVIII-XIX әсирлердеги қарақалпақ халқының өз ғәрезсизлигине ерисиў жолындағы даңқлы ҳәм машақатлы гүреслерин көрсетиў баслы идея сыпатында алға сүрилген. Трилогияны тутас бир шығарма сыпатында бирлестирип турған да, мине, усы идеялар үнлеслиги болып табылады. Мысалы, трилогияның биринши китабы «Маман бий әпсанасы» романында бул идея Маман бий образы арқалы ашып бериледи. Маман да халықтың ғәрезсизлигиниң баслы шәрти өз алдына мәмлекет дүзип жасаў кереклигин жақсы түсинеди. Бирақ, адамның үстинен адам, халықтың үстинен халық, мәмлекет үстинен мәмлекет үстемлик етиўге тийкарланған феодаллық жәмийетте бул идеяны әмелге асырыў қыйын да еди. Үзликсиз болып атырған феодаллық урыслар менен руўлар арасындағы алаўызлықлар буған жол қоймайтуғынын жақсы түсинген Маман бий дөгерегиндеги жақын халықлар менен тең қатары болыўдың бирден-бир жолы – күшли мәмлекеттен қол алып, сол мәмлекеттиң қурамында бийғәрез халық болып жасаў деп биледи. Сол мақсетте ол Рус патшалығынан үмит етти. Соның пухаралығына өтиў ушын көп ҳәрекетлер иследи. Ақырында, ҳәр қыйлы қарама-қарсылықларды жеңип, «уллы үмит қағазы»-келисим де алады.

Бирақ, тек өзиниң экономикалық жақтан беккемлениў, аймақлық стратегиялық қорғаныў сиясатын гөзлеген патшалық Россиясы оның бул үмитин пушқа шығарады, ел басына қыйын жағдайлар туўған ўақытта қоллап-қуўатламай, қарақалпақларды дөгерегиндеги халықлардың феодаллық талас-тартысларынан қорғап қала алмады. Өз басының ғамы менен ғай болып, халықты тәғдир шамалының шарпыўына таслап қойды... Дөгерегиндеги ханлықлардың өз-ара қырғый қабақлығынан, жаўгершиликтен, феодаллық талас-тартыслардан халық әбден шаршап, тарийх бетинен биротала өшип кетиў дәрежесине келип қалды... Әсиресе, Абылхайыр мәмлекетиниң ләшкерлериниң қан жосытқан қырғын топылысы халықты Сыр бойын таслап, биротала көшип кетиўге мәжбүр қылады.

Өзиниң Рус патшалығынан қоллаў табаман деген ойларынан

биротала ўаз кешкен Маман бий халықты сақлап қалып, бийғәрезликке еристириўдиң ендиги бирден-бир жолы — қарақалпақлардың үлкен топарлары бурыннан да жасап атырған Хорезм аймағына, өзлериниң әййемнен киятырған ата-мәканы Әмиў бойы, Арал теңизи әтирапларына қарай жылысып, сол жерлерге халықты биротала қонысландырыў деп биледи.

Бирақ, халық оның бул ойларын жеткиликли дәрежеде түсинип жетпейди. Қырғыншылықтан посып көшип баратырған адамлар бул булғиншиликтиң тийкарғы себепшиси Маман бий деп ойлап, оның атын тартып алып, өзин ешекке терис мингизеди.

Бул жағдайлар Маман бий санасына шешиўши тәсир жасайды. Халық Хорезмге көшип келгеннен кейин, халықты сақлап қалыў ушын көп ийгиликли ислер ислейди. Халыққа тазадан жерлер аштырып, арналар қаздырып, дийқаншылық пенен шуғыллландырады, өнер-билим ийелеп қайтыў ушын уқыплы жигитлерди жән-жаққа жибереди, қырғыншылық, посқыншылық салдарынан аз санлы болып азайып қалған халықты көбейтемен деп, белинде күш-қуўаты бар адамлар менен бала туўғандай мүмкиншилиги бар нашарларды ықтыярлы, ықтыярсыз хожалық қыла баслайды.

Трилогияның екинши китабында Айдос жасаған дәўирдеги (XIX әсирдиң биринши ярымындағы) қарақалпақ халқының тарийхый тәғдири жеке тарийхтай тулға Айдос тәғдири менен тығыз байланыста сәўлеленеди. Айдос образында биринши китапта ортаға қойылған баслы идея және де толығырақ ашып бериледи. Бирақ, Айдос бий халықты миллий ғәрезсизликке еристириў ушын Маман бий баслаған жол менен бармайды. Ол халықты ғәрезсизликке еристириўдиң бирден-бир жолы Хийўа ханлығының қурамында өз алдына қарақалпақ ханлығын тиклеўде деп биледи. Бул мақсетине ерисиў хызметлери менен Хийўа ханлығына жаранады. Бул дәўирлерде қарақалпақлардың көпшилик бөлеги Хийўа ханлығы қол астына толық өтип болған да еди. Мине, бул исте Айдос Хийўа ханлығы тәрепте болып, халықтың Хийўа сорамы әтирапына топланыўына көп әмелий жәрдемлер ислейди. Хийўа ханы оны бул хызметлери ушын қарақалпақлардың аға бийи етип белгилейди.

Бул дәўирде халықтың да, оны басқарған басшы бий, батырлардың да санасында миллий ғәрезсизликке ерисиў ҳаққындағы ойлары және қайтадан күшли ҳәўиж алып атыр еди. Олардың бир топары бурынғыша қазақ ханлықларының бириниң ғамхорлығында Россия менен Маман бий дәўиринде болған қатнасларды тиклегиси келсе, бир топары ҳеш кимнен бийғәрез Қоңырат ханлығын дүзиўди қәледи. Сонлықтан да, бул еки идея тәрепдарлары да бул дәўирде Айдос пенен аңсат маўасаға келиўи мүмкин емес еди. Автор романда Айдос ҳәм оның идеясының қарсыласларының образын жасаў арқалы Айдостың да, Айдос жасаған дәўирдиң де қарама-қарсылығын оғада шеберлик пенен ашып бере алған. Усы бир-бирине қарама-қарсы топарлар көз-қарасының гүреси романның тийкарғы конфликти де болып табылады.

Айдостың халықты бириктирип, өз алдына ханлық етип, миллий ғәрезсизликке еристириў ушын оның көпшилик бөлегин еркли де, ерксиз де Хийўа сорамына жәмлеўи бир жағынан Айдос жасаған дәўирдиң тарийхый зәрүрлигинен де келип шықты. Себеби, пытыраңқы, шашаў ҳәр қыйлы аймақларда жасаған халық ҳеш қашан да ғәрезсизликке ерисе алмас еди. Айдостың бул нийети, оны иске асырыў ушын ислеген ҳәрекетлери оның көз-қарасының кең масштаблы, озық ойлылығынан, елге, халыққа деген патриотлық сезиминен, дана басшылығынан дерек береди. Бирақ, оның қарақалпақ ханлығын Хийўа қурамында көргиси келгени, солай етип, өзи қарақалпақларға хан болғысы келгени оның көз-қарасының шекленгенлигинен де, ҳамалпаразлығынан да дерек берер еди.

Айдос образы, мине, усы ишки қарама-қарсылықлары менен оқыўшыны өзине тартады. Бирақ, оның бул көзқарасы Хийўадан бийғәрез Қоңырат ханлығын тиклемекши болған қарсыласлары Төремурат суўпыға да, орыс патшалығына өтпекши болып гүрес алып барып атырған топарларға да жақпайды. Ҳәтте, туўысқан инилери Мыржық пенен Бегис те Төремурат суўпының ис-ҳәрекетлерин қоллап-қуўатлайды. Ақырында, Айдостың бул шекленген көз-қарасы еки инисиниң трагедиялық өлимине себепши болады. Хийўа ханынан алданған Айдос бийдиң өзи де қуўғында баратырып әрманда (өзи мәжбүр болған ҳалда атқосшысы Доспанның қолынан) қайтыс болады.

Трилогияның үшинши китабында халықтың миллий ғәрезсизликке ерисиў ушын гүресин көрсетиў идеясы алдыңғы еки китапқа қарағанда да күшлирек ҳәм толығырақ етип бериледи. Себеби, үшинши китап «Түсиниксизлер»диң бас қаҳарманы-халық батыры Ерназар ала көздиң ғәрезсизлик ҳаққында түсиниклери Маман бий, Айдос бий түсиниклерине қарағанда да жетилискен толық ғәрезсизлик ҳаққындағы пикирлер болады. Ол ғәрезсизликти Маман бий, Айдос бабалар қусап орыс патшалығының яки Хийўа ханлығының курамында алғысы келмейди, Хийўа ханлығының езиўшилик сиясатына қарсы шығып, қарақалпақларды өз алдына бийғәрез ханлық еткиси келип, биротала толық ғәрезсизликке ерисиў ушын гүреседи ҳәм сол ушын қурбан болады.

Улыўма, Т.Қайыпбергенов бул «Қарақалпақ дәстаны» роман-трилогиясында халықтың миллий ғәрезсизлиги ушын гүрескен усы үш тарийхый тулғаның барлық жетискенликлери, қарама-қарсылықлары көрсетилген психологиялық жобадағы ҳақыйқый реалистлик жетилискен образларын ашып береди. Роман-трилогияда тарийхый тулғалар менен бир қатарда, тарийхый емес қаҳарманлар образын жасаўға да айрықша дыққат аударылған.

Ҳақыйқатында да, тарийхый шығармадағы тарийхый шынлыққа реаль қатнас жасаў мәселеси тек тарийхый ўақыялар, тарийхый фактлер, тарийхый адамлар ҳаққында дурыс сөз етиў менен шекленбейди. Тарийхый шығармаларда көпшилик көркем шығармалардағыдай қыял-ойдан шығарылған тарийхый емес фигуралар да қатнасыўы мүмкин, яғный жазыўшы тек болған факт, ҳәдийселер менен шекленип қалмастан, болыўы мүмкин болған нәрселерди де жазады. Бул, демек, жазыўшы айтқан ҳәр бир сөз, жазыўшы дөреткен ҳәр бир қаҳарман, сол тарийхый шараятқа сыйымлы халында алыныўы керек деген сөз. Ә.Қожықбаевтың көрсетиўинше, «жазыўшы тап архитектор сыяқлы қурылыс бөleклерин өлшестиргендей, қатаң тәртип пенен жеке образлар дүзилисин де тарийхый шынлыққа сәйкес бериўи шәрт. Бул бирлик бузылса, үлкен сәтсизлик келип шығады».

Изертлеўши пикирди буннан ары даўам етип, Т.Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы» романынан мысаллар

келтиреди. Романдағы Маман бий образынан айырым жағдайларда тарийхый шынлыққа сәйкес келмей қалатуғынлығын айтады...

Буннан тек тарийхый адамлар ғана тарийхый шынлыққа сәйкес келиўи керек екен, деген жуўмақ келип шықпаўы тийис. Тарийхый шығармада «...автор қаҳарманлары жөнинде өз әсириниң емес, ал олардың заманына қарай пикир жүргизиўи, дүньяға олардың көзи менен қараўы, олардың турмысы менен жасаўы, олардың ақыл дәрежесине сәйкес түрде ойлаўы ҳәм өзиниң оқыўшыларын да усы көз-қарасқа қоя билиўи лазым» болғанлықтан, шығармадағы ҳәр бир қахарман да өз дәўирине ылайық ҳалында сүўретленеди.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарқалпақ дәстаны» роман-эпопеясының «Түсиниксизлер» атлы үшинши китабында бул принципке садықлық қатаң сақланған. «Трилогияның «Түсиниксизлер» бөлиминиң тийкарғы мақсети жәмийетлик турмыстың тийкарғы бағдарларын анықлаў, билиў, түсиниў мүмкиншилигин, ҳәр қыйлы қарама-қарсылықлар тарийхында раўажланғанлығын көрсетиўден ибарат,-деп жазады Қ.Султанов «Трагедияның басланыўы» атлы мақаласында, сонлықтан, бул романның аты усылай аталған»[1].

Бул «Түсиниксизлер» әсиресе, романдағы Гүлзийба образының жасалыўында айқын көринеди.

Бул образ жөнинде сөз етпестен бурын романдағы Қумар ана образы ҳаққында бир-еки аўыз айтып өтейик. Қумар-ана-бизге мәлим тарийхый тулға, белгили Ерназар алакөздиң анасы. Романда бул образ тарийхый дереклердеги, халық аўзындағы аңыз-әңгимелердеги қайтпас жүрекли батыр, ақыллы ана сыпатында дурыс сәўлелениўин тапқан. Ел бирлигин сақлаўды, солай етип, халық тәғдийрин уллы рус халқының тәғдийри менен сабақлас етиўди нәзерде тутқан мәрт баҳадыр Ерназардың өзи де барлық батырлықты, даналықты усы анадан, усы ананың рухландырыўшы күшинен алып отырады. Бул анадан тек Ерназар емес, барлық адамлар да даналық үйренеди, оның менен есапласады, ҳәтте, руў бийлери, түркий ахун,

[1] Султанов Қ. Ҳәзирги прозаның раўажланыў жоллары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977. – 126-б.

ханның өзи де сескенеди. Оның өз баласы Ерназардың мурт-лары шыйратылған ҳалында алтын табақта келген геллесин көрип турған жағдайын көз алдымызға келтирейик: «Журт орнында қаққан қазықтай сәррийди. Қумар ананың бул көзлери уясынан атылып кете жазлады, ҳууыштан тап айырылып барып зорға кәддин тикледи де, асықпай жемелигине, шатыраш көйлегиниң өнерине тағылған гүмис қан теңгелерин жулып-жулып алды да, сыңғырлатып табаққа таслады ҳәм белиндеги көк мәдели белбеўин шешип, геллесин жапты.

— Перзентим, саған буннан артық саўға әкеле алмадым, мынаў белбеўди белиңе буў, хан теңгелерин қалта пул қыл».[1]

Қандай сескенерлик қорқынышлы көринис! Қандай батырлық пенен таўып айтылған сөз! Бул тек Қумар анадай мәрт аналардың қолынан келетуғын ис.

Гүлзийба, мине, усы мәрт ҳаял-қызлардың бири. Оның образы да Қумар анадағы мәртлик усаған унамлы қәсийетлерди толықтыра түседи. Бирақ, ол Қумар ана сыяқлы тарийхта болғаны аттай анық адам емес. Соған қарап, оның мәртлик ислери тарийхый шынлыққа сай келмейди деп қарасақ бола ма?

Ҳақыйқатында, бул образ романдағы түсиниў қыйын, қоспалы образлардың бири. Ол да Ерназар исиниң садық тилеклеси, сол ушын өзин қурбан етиўден де қайтпайды. Ол Ерназарды жақсы көргенде де усы тәреплерине бола жақсы көреди. Оның бул иске деген садықлығы ең қыйын гезинде қолына қурал алып, халық азатлағы ушын гүреске қатнасыўға дейин барып жетеди.

Тарийх Ерназар алакөз басшылығындағы көтерилиске халықтың кең қатламының қатнасқанын, әлбетте, мойынлайды. Бирақ, Гүлзийбаның қатнасқаны, қатнаспағанлығы ҳаққында хеш қандай мағлыўмат жоқ. Демек, Гүлзийба тарийхый тулға емес деген сөз. Жазыўшы оны бул гүреске араластырыўда нени нәзерде тутты екен? Бәлким, тарийхый шынлықтан алыс кетип отырған болар?!

---

[1] Т.Қайыпбергенов. Шығармалары. Бес томлық. «Түсиниксизлер». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 422-б.

Жоқ, олай емес. Гүлзийба халық арасынан тәрбияланып шыққан ҳақыйқый қаҳарман, «тарийхый» образ. Өйткени, сол шараяттың өзи усындай қаҳарманларды зәрүрий келтирип шығарғаны анық.

Жазыўшы бул жерде халқымыз ҳаял-қызларының әййемнен киятырған батырлық традициясын нәзерде тутып отыр. Автор туткан бул позиция, ол дөреткен бул образ ҳақыйқаттан да өмиршең, исенимли. Себеби, «қарақалпақ халқының тарийхына ҳәм фольклорына нәзер салсақ, бул халықтың арасында «салт атлы ҳаял-қызлар ҳаққындағы» дәстанның пайда болыўы нызамлы қубылыс екенлигин көремиз. Тарийхый мағлыўматларды фольклордың өзи толықтырады. Мәселен, буннан 100 жылдай бурын Санкт-Петербургте басып шығарылған ҳаял-қызлар патшалығы ҳаққындағы қарақалпақ ертеги ямаса ханды жуўаптан жеңген қыз ҳаққындағы аңыз пикирлеримизди дәлиллейди. Қарақалпақ қыят руўының жаўынгерлик ураны Арыўхан, ал мүйтен урыўының ураны Ақшолпан болған. Көплеген жерлердиң, дәрьялардың атлары, көплеген ертеклердиң, аңызлардың, жуўаплардың, қосықлардың, дәстанлардың қаҳарманлары ҳәм тағы басқалар қарақалпақта ҳаял-қызлардың аты менен байланыслы» (М.Нурмухамедов).

Солай екен, Гүлзийба тарийхый тулға болмаған менен, сол XIX әсир шынлығына сай жаратылған, минез-қулқы, ис-ҳәрекети менен (бул жерде айрықша батырлық сыпатлары нәзерде тутылады) халқымыз ҳаял-қызларының тәғдири менен сабақлас жататуғын «тарийхый» образ. Оған тарийхыйлық сыпат берип турған да оның ис-ҳәрекетиниң усы тарийхый шынлыққа сыйымлы болыўында. Бул жерде тарийхый дәреклер, тарийхый ўақыялар биринши орында емес, жазыўшының усы тарийхқа сай ойлай билиўи биринши орынға қойылады. Буннан шығаратуғын жуўмақ, тарийх ҳаққында жазатуғын жазыўшы тек тарийхый дәреклерди, ўақыяларды, соған сай тарийхый адамларды жазыў менен ғана шекленип қалмайды. Ал, усы тарийхый шынлыққа сай ой жуўыртады. Оның бул тарийхый шынлыққа сай ойлары айырым тарийхый емес образлардың да тарийхый исенимлилигине алып келеди, бул образларға тарийхыйлық сыпат енгизеди.

## Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ 80-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ПРОЗАСЫ

Т.Қайыпбергенов 80-жыллар қарақалпақ прозасында да жемисли мийнет етиўин даўам етти. Ол бул жылларда «Қарақалпақнама» *(1985)*, «Көздиң қарашығы» *(1986)*, «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» *(1990)* романлары менен бир қатарда, «Қара үйден кең дүньяға» *(1987)*, «Қудайдың неше аты бар» *(1990)* топламларына енгизилген бир қатар көркем публицистикалық шығармалар да жазды. 1995-жылы «Қарақалпақнама» роман-эссеси ушын Махмуд Қашғарий атындағы халық аралық сыйлықтың лауреаты болды. Ал, айырым «Кең пейиллилик келбети», «Бир кесе сүт» сыяқлы көркем публицистикалық шығармалары ушын «Правда», «Крестьянка» газета-журналларының сыйлықлары берилди. Оның 80-жылларда дөретилген бул шығармалары бойынша Қ.Камалов, Қ.Султанов, К.Алламбергенов, П.Нуржановлардың бир қатар мақалалары[1] жазылыўы менен бир қатарда, А.Абдимуратов, Н.Бердимуратова, Б.Палўановлар тәрепинен арнаўлы изертлеў жумыслары да жүргизилди[2].

[1] Қараңыз: Камалов Қ. Дала бүркити. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.- 4-5-б.; Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында синтез машқаласы (Т.Қайыпбергеновтың роман-эссеси тийкарында) / ҚарМУ профессор-оқытыўшыларының илимий-теориялық конференция материалларының тезиси.-Нөкис: 1988.; Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. – Нөкис: «Билим», 1993.– 31-32-б.

[2] Абдимуратов А. Публицистика Тулепбергена Кайпбергенова: специфика, тематика, жанрова-стилистические особенности. Автореф. канд. дисс... – Ташкент: 1997.; Бердимуратова Н. Проблема характера героя в каракалпакском романе 80-х годов. Автореф. канд. дисс... – Нукус: 2001.; Палўанов Б. Ҳозирги қорақалпоқ адабиетида эссе жанри. Автореф. канд. дисс... - Нукус: 2007.

Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман-эссеси[1] 80-жыллар қарақалпақ прозасына үлкен әдебий қубылыс болып енип, романшылығымызды формалық, көркемлик жақтан және де жоқары шеклерге көтерди.

Роман ҳақыйқатында да, қарақалпақ прозасына формалық жақтан үлкен жаңалық алып келди.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама» роман-эссесин усы көз-қарастан шыға отырып баҳаласақ, бул шығарманың тек ғана фольклор менен жазба әдебият традицияларының синтезинен турмайтуғынын көремиз. Себеби, роман-эсседе тарийхый ўақыялар да, бүгинги күн ўақыялары да, хәр қыйлы аңыз-әңгимелер де, әпсаналар да, илимий-публицистикалық материаллар да, жазыўшының жеке философиялық ойлары да кеңнен пайдаланылады.

Усы тәреплерин есапқа алып, роман-эсседен төмендегише синтезлик схеманы келтирип шығарыўға болады:

1. Тарийхый ўақыялар менен бүгинги күн ўақыяларының синтези;

2. Публицистика менен көркем әдебият синтези;

3. Фольклорлық традициялар менен жазба әдебият традицияларының синтези;

4. Шығарманың көркемлик қурылысындағы объектив-эпикалық хәм субъектив-лирикалық сыпатлардың синтези.

Әлбетте, буларды бир-биринен ажыратып қарастырыў да онша ақылға муўапық келе бермейди. Бул синтез түрлериниң қайсы бири ҳаққында сөз етсек те, ең дәслеп роман-эсседеги көркем-эстетикалық бир пүтинликти дәлиллеўге туўра келеди.

Себеби, «Қарақалпақнама»да хәр қыйлы формалар әпсаналар, диалог, монолог, күнделиклер бир пүтин көркем қуйма дене сыпатында жүйи билинбеслик дәрежеде бириктирилип берилгенликтен, олардың бирде-бирин бөлип алыў ямаса қосыў мүмкин емес. Шығарма «дәнешелерине» бундай мийтиндей бирликти ендирип турған нәрсе-турақлы авторлық позиция, жазыўшыдағы үлкен шеберлик.

[1] Роман миллий ғәрезсизлик идеялары рухында қайта исленип, 1998-жылы толықтырылған ҳалда қайта бастырылып шықты.

Сырттан қарағанда, бул автор-илимпаздың (анығырақ айтқанда, философ-илимпаздын) трактатларына усайды. Илимпаз өз тилинде белгили бир машқала ҳаққында пикир жүритип атырғандай, әпсаналар, сөйлесиклер, тарийхый дереклер, интервьюлер, монологлар болса оның пикирин дәлиллеў ушын келтирилип атырған дәлил-мысаллардай... Бул, әлбетте, эссе жанрының тәбиятынан дейик, автор әдебият ҳаққында пикир жүргизиўди мақсет еткен дейик. Бирақ, буны бир ғана әдебият ҳаққында пикирлер деп қараўға бола ма? Биринши бөлимде халықтың ҳәр қыйлы миллийлик сыпатлары гүрриң етилмей ме? Неге биринши бөлим тиккелей халық тарийхы ҳаққында, неге екинши бөлим тутасы менен әдебият ҳаққында? Бул өмир ҳаққында пикир жүргизиў емес пе?

Дәслепки қойылған еки сораў да орынсыз дей отырып, биз буны әлбетте, өмир ҳаққында дер едик. Себеби, әдебият пенен халық тарийхын бөлип қараў ҳеш мүмкин емес... Әдебият халықтың руўхый азығы болатуғын болса, сол руўхый азық ҳаққында сөз етиўден алдын оны келтирип шығарған жағдай, халық ҳаққында гүрриң етиў керек емес пе? Буларды бирбиринен ажыралған ҳалда алып сүўретлеў, әлбетте, әнтеклик болар еди.

Бизиңше, автор әдебият ҳаққында пикир жүрите отырып, халық ҳаққында пикир жүрите отырып әдебият ҳаққында гүрриң етип жүдә дурыс ислеген. Буннан шығатуғын жуўмақ, автор қандай ўақыя ҳаққында пикир жүритсе де, көркем синтезлестириў усылынан пухта пайдаланып, барлық ўақыяларды улыўма бир мақсетке бағдарлап, логикалық жақтан беккем байланысқан ҳалда алып сүўретлейди.

Бул шығарма стили, композициялық формасы жағынан эссе болғаны менен, сүўретлеген дәўири, образлар системасы, эпикалық кең масштаблы ҳәм тағы басқа өзгешеликлери бойынша роман, ҳақыйқый көркем шығарма. Себеби, бунда бир халықтың пайда болған дәўиринен баслап тап бүгинги күнге дейинги узақ өмир жолы сүўретленеди. Ал, бундай кең масштаблылық, көп машқалалық синтезлестириў өнерисиз берилиўи мүмкин емес.

Усы жерде роман-эссе тутасы менен өтмиш ҳаққындағы әпсаналардан, тарийхый дереклерден ибарат екен, соған қарағанда, бул тарийхый роман болмай ма, набада роман-әпсана емес пе, деген сораў тууыўы мүмкин. Биз буған «жоқ» дей отырып, бул жуўап пенен дәслепки қойылған сораўымызды толығырақ шешиў ушын да ҳәрекет етемиз.

Романда тийкарынан еки образ-халық образы менен автор образы шешиўши роль атқарады. Әпсаналар болса усы халықлық характерди ҳәр қырынан көрсетиў ушын қолланылады, яғный фольклорлық мотивлерден, фольклорлық сюжетлерден (әпсана ҳәм тағы баска формасындағы) пайдаланыў, пайдаланыў болғанда да поэтикалық мақсет ушын пайдаланыў фольклорға жақынласыўдан емес, керисинше оннан узақласыўдан, жаңа реалистлик эстетикалық система - роман-эссе пайда болғанлығынан дерек береди.

Екиншиден, роман-эсседеги қолланылған ҳәр бир әпсана жай әпиўайы айтыла бермейди, автор ҳәр бир әпсанаға өзиниң позициясын сиңдиреди, оннан конкрет жуўмақ жасайды, яғный ҳәр бир әпсана баянлаўшы қаҳарманның сана-сезиминиң раўажланыўына белгили дәрежеде тәсирин тийгизеди. Әпсаналар арқалы автордың характерининң өсиў-өзгериў логикасы анықланып бериледи. Автор образы бунда белгили бир халықтың жәмийетлик келбетин көрсетиўши дара тип, халықтың алдыңғы қатар ўәкили жеке адам сыпатында көзге тасланады.

Усы жерде әпсаналар ҳаққында және орынлы еки сораў туўады. Дурыс, көпшилик әпсаналар халықтың жақсы сыпатларын көрсетиў ушын хызмет еткен, бирақ булардың көпшилиги қудай, Адам-ата атлары менен байланыслы болып келеди ғой. Булар шығармаға диний-мистикалық сыпат бағыш етип турған жоқ па екен?

Екиншиден, гейпара әпсаналар (мысалы, алааўызлықты көрсетиўши) халықтың намысына тийиўшилик, оны жерге урыўшылық әламатлары сыпатында көзге тасланбай ма?

Биз бул еки сораўға да «жоқ» деп жуўап беремиз. Биринши дәлил, романда Мухаммедтиң қалай пайғамбар болғанлығы

ҳәм т.б. усыған усаған динге байланыслы әпсаналар қолланылғанда, жеке адамның да, халықтың да уллылыққа жетиў жолының тийкары - руўхый тазалық, кеңпейиллик, ҳақгөйлик усаған сыпатларды дәлиллеп көрсетиў ушын мақсетли пайдаланылады. Автор усындай әпсаналар мысалында қарақалпақ халқының руўхый таза, пәк нийетли, гүресшең халық екенлигин көрсеткен.

Екиншиден, автор халықтың саўатсызлығын, аўызбиршилиги болмағанлығын көрсетиўши әпсаналарды қолланғанда, халықтың намысына тийиўди емес, ал, керисинше намысын қорғаўды нәзерде тутқан. Автор бул арқалы халықты аўызбиршиликке, саўатлылыққа шақырмақшы болған. Буны еле де айқынырақ түсиндириў ушын Габрово ҳәзиллерин ядқа түсирейик. Сырттан қарасаң, бул ҳәзиллерде Габроволыларды сықмарлығы ушын жерге урып қойғандай. Ҳақыйқатында да, солай ма? Яқ, керисинше усы сықмарлықты сықақ етиў арқалы ысырапгөйликке қатты соққы берилип турған жоқ па?!

Улыўма, Т.Қайыпбергенов бул роман-эсседе не ҳаққында жазбаса да, биринши гезекте өз халқын шын сүйген патриот сыпатында көзге тасланады. Роман-эссе патриотизм идеялары менен тереҳ суўғарылған, автор өз халқы, өз әдебияты ҳаққында сөз еткенде, оны улыўма адамзат тарийхы, улыўма жер жүзлик әдебият тарийхы менен тығыз байланыста алып сүўретлейди. Ал өтмиш ўақыяларына болса, бурынғы тарийхый романлардағыдай усыллар менен қатнас жасап, олардың бүгинги адамзатқа дәнекер болатуғын «пайдалы қазылмаларын» ғана таңлап алады, оларды бүгинги күнниң ўақыялары менен жүйи билинбестей дәрежеде бириктирип жибереди.

Т.Қайыпбергеновтың 1990-жылы «Әмиўдәрья» журналында жәрияланған «Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы» романы идеялық бағдары бойынша «Қарақалпақнама» романында ортаға қойылған мәселелерди және де толықтырады. Бул роман «Қарақалпақнама»ның заңлы жалғасы сыяқлы. Мейли, бул шығармалардағы сүўретленилген ўақыялардың хронологиялық тәртиби ме, мейли, тематикалық жақынлық па — бәри усы избе-из заңлылықты дәлиллеп турады. Булай дегенимиздиң себеби, бул еки шығарманы да тиккелей бир

нәрсе — халық тәғдири ҳаққында философиялық пикир жүритиў үнлес етип турады. Биринде халықтың әййем заманлардан баслап, тап 50-60-жылларға дейинги өмирин ой елегинен өткериў ҳүким сүрсе, екиншисинде жақын өтмишимиздеги тубалаў деп аталатуғын дәўир менен қайта қурыў заманының орын алмасқан ўақтындағы аласатлы дүньяға философиялық пикир жүритиў тийкарғы лейтмотивти қурайды. Буны биз романның баслы қаҳарманы Оспан Өмировтың өз қалпағы менен сырласыўларынан, яғный өткен өмир менен оның өзи мағызын шағыўға ҳәрекет етип атырған ол ушын тосыннан болғандай қайта қурыў дәўирин салыстырып, «Заман қандай заман болды?» деп үзликсиз толғаныўларынан романның басқа да қаҳарманларының заман, ел, сиясат, мәмлекетлик көлемдеги басшылар ҳәм басшылық ҳаққындағы пикир жүритиўлеринен анық сезиўимизге болады. Романда автор да усы мәселе ҳаққында пикир жүритиўди тийкарғы мақсет етеди. Бирақ, жазыўшы бул мәселелерде романның гейпара қаҳарманлары тутқан позициясынан бармайды, ал, барлық (жекке ҳәм жәмийетлик) пикирлерди өзинше жуўмақластырып, қайта қурыў сиясатына, қайта қурыў дәўирине өзинше өткир сын пикир жүритеди.

Романда қайта қурыў дәўириниң драмасы философиялық пикирлеў дәрежесине көтерилип сүўретленип берилген. Автор қайта қурыў дәўири мысалында жәмийетте қандай социаллық қатламлардың бар екенлигин ҳәм олардың арасындағы қарама-қарсылықларды ашып береди. Романда усы социаллық қатламлардың өмирге көз-караслары, тутқан позициясы образлы түрде көркем сәўлелениўин табады. Усы жағынан алып қарағанда, биз бул романды дәўирдиң сиясий келбетин сәўлелендириўдиң үлгисин көрсететуғын новаторлық шығарма деп есаплаўға ҳақылымыз.

Бул романның еки бас қаҳарманы бар. Биреўи Оспан Өмиров болса, екиншиси бул усы Оспан Өмировқа қарсы исленип атырған ҳәрекетлер... Усы қарсы ҳәрекетлер Оспан Өмировты өзиниң өткен өмирин ой тәрезисине салып, «мен ким болып жасадым?» деген саўалға жуўап излетеди. Оспан Өмиров — өз дәўириниң перзенти. Дәўири менен бирге жылады ҳәм бирге

қуўанды, бирге алжасты ҳәм демократия самалы көкирегин қаққанда, дәўири менен бирге дурыс жолды излеп атырған адам. Усы өзиниң өмирин ой тәрезисине салған саатлар Оспан Өмировтың көп нәрселерге көзин ашады. Соның менен бирге, бул драмалық ўақыяларды Оспан Өмиров пенен бирге басынан кеширип атырған адамлардың да өмирге көз-қарасында көп өзгерислер жүз береди, яғный өмирдиң тәбийғый қарама-қарсылықлардың тийкарында раўажланып баратуғын драмалық процесс, қубылыс екенлиги романда философиялық жуўмақ сыпатында бериледи.

Романда ҳәр бир персонаждың психологиялық портретиниң исенимли ашып берилгенлигин атап өтиўимиз керек. Олардың ҳәр бир ҳәрекети, пикири исендирерли.

Ўақыялардың избе-излиги шеберлик пенен берилген. Жазыўшы ҳәр бир эпизодты өзиниң өлшеминде, кем қалдырмай яки зыят жибермей бере алған.

Бизиңше, автордың тийкарғы айтажақ пикири мыналар: өмир-тәбийғый қарама-қарсылықлар гүреси, «ҳәр заманға бир заман», «бийкарлаўды-бийкарлаў» диалектикасы бойынша бир дәўирди бир дәўир бийкарлап, толықтырып барады, усыған сай ҳәр бир дәўирдиң өз адамы болады, оған сол дәўирдиң көзи менен баҳа бериў керек, адамның өмириниң узақ болыўы да, қысқа болыўы да өзине байланыслы. Омар Муҳамедовтың сөзи менен айтқанда, ким тарийхтың баҳасын кемситкиси келсе, ол өзиниң баҳасын кемитеди, жасаў мүмкиншилигин әззилетеди, кешегисине сүйенбеген, бүгинниң өмири аз, ондай бүгин ертеңге тырнақ бола алмайды, яғный «кисиге гөр қазба, өзиң түсесең», адамның өмири соншелли қысқа, бирақ ҳәр бир инсан өлгеннен кейинги өмирин де ойлап, яғный қандай да бир нәрсеге исенип, үмитленип жасаў керек. Таяныш сүтинин, идеялық бағытын жоғалтқан өмир-мазмунсыз, ертеңи жоқ өмир.

Романдағы бул идея баслы қаҳарман Оспан Өмиров пенен оған қарсы күшлер образларын да жүдә шебер, көркемлик пенен әмелге асырылған. Алып қарайық, Омар Муҳамедов, Жәлмен Қәлменов, Оспан Өмиров үшеўи үш дәўирдиң, үш түсиниктиң адамы. Бирақ ҳәр қайсысы өз дәўириниң адамы. Олардың

соңғы екеўиниң, әсиресе, Жәлмен Қәлменовтың бойында өз дәўириниң қара таңбалары баршылық... Жәлмен Қәлменов жәмәәттиң өзинен бурынғы халықлық идеалға берик, өз идеалына зәрре де болса гүманланып қарамаған кристалдай тап-таза ҳақ жүрек басшысын-Омар Муҳамедовты халық душпаны сыпатында жазықсыз қаматып жибереди. Ал, Муҳамедовтың баласы Оспан Өмиров болса өз әкесин қаматқан адам Жәлмен Қәлменовтың басына гүмбез салдырған. «Қайта қурыўдың белсендиси» Сәлмен Қәлменов (Жәлмен Қәлменовтың баласы) жәриялылық пердесин жамылып, Оспан Өмировтан өш алмақшы... Әкесинен батпан кем туўылған Қоспан Оспанов өз ҳәрекетлерине өзи түсинбеген ҳалда әкесин душпанға жығып бериўге хызмет етип атыр...

Минекей, ҳақыйқый ҳәм тәбийғый өмир драмасы! Минекей, қарама-қарсылық! Минекей, түсинип болмайтуғын түсиниксизлик!

Буларды жүрегине сыйдыра алмай, өз қалпағы менен сырласып атырған Оспан Өмировтың ҳалатын көриң. Ол дәўирдеги адамлар санасындағы өзгерислерди дурыс уғынып, көзи ашылып, өзин-өзи судлаўға, яғный демократияны өзинен баслаўға ҳәрекет етип атырған адам. Демократия оның кеўил көзине көп түртки салса да, тубалаўдың батпағынан өзин биротала аршып алалмай атыр... Бирақ, өз қәтесин өзи түсинеди, өз дәўириниң адамы болғанлығын да биледи. Бир заманларда әкеси де өз заманының адамы болған еди... «Мен усыны түсинип жасадым, пәк жасадым» дейди ол сонлықтан да, өз дәўирине үн қосқан ҳалда дурыс жолды излестирип. Оның өз дәўириниң аласапыран ўақыяларына наразышылығы да жоқ емес: «Бир пәкти қутқарыў жолында мың гәззапты бостанлыққа шығарыў-жәмийетти қайтадан боқлыққа былғаў... Лекин, тутас жәмийет қараланса, адамзат тарийхының, көшерин жаңа өрге қойды деп есаплаған бир әсир толығы менен қара бояў астында мантығады». Бизинше, Оспан Өмировтың бул ойлары реаль турмыс ҳақыйқатлығы. Себеби, сол дәўирде қайта қурыўды жүзеки көзгир тутқан айырым адамлардың демократияны демогогияға айландырыў ушын урынғанлығы-өмир шынлығы. Бул, демек, романның бир қаҳарманы айтқандай,

революцияның ишинде революция болып атырған бир ўақытта революция сыпырғышы дәўирдиң айыбы ушын ақ-қарасына қарамай, хәммени теңдей сыпырып кетпеўи керек, яғный раўажланыўдың тутас бир этапына толығы менен қара күйе жағып болмайды!»

Романда дәўир хәм жәмийет арасындағы, жәмийеттеги социаллық қатламлар арасындағы қарама-қарсылықлар, мине, усылайынша образлы сәўлелениўин тапқан.

Қулласы, романда хәр бир қаҳарманның психологиялық портрети, характери сайрам-сайрам болып көзге тасланады.

Қаҳарманлардың өмирге көз-қараслары, тутқан позициясы автор тәрепинен берилиўи жағынан бул шығарманы сиясий-философиялық деп баҳаласақ та болады. Романдағы жаңа-шылық та, мине, усында, яғный автордың өз дәўириниң ўақыяларына сиясий-философиялық жуўмақ жасай билиўинде. Бул жаңалық роман ўақыяларын сүўретлеўде автордың қысқа ўақыт өлшемин алыўы менен қалпақ пенен сырласыў деталы арқалы дәўирдиң характерин аша билиўинде де көзге тасланады. Буннан тысқары, романдағы ең унамлы моментлер деп драматизмниң күшлилигин, кескин конфликтлилик ситуациялардың берилиўин, ўақыялардың шеберлик пенен өз орнында, избе-из қолланылыўын айтса болады. Ал, «Ийтли жигит» Узақбайға байланыслы детектив ўақыялардың сюжеттиң бастан ақырында тамызықланып берилиўи дәўир гаммасын ашыўға да, шығарманың ширели оқылыўына да айтарлықтай үлес қосып турыпты. Енди романның ақырына келетуғын болсақ, онда оқыўшы күтпеген жуўмақ бар. Бул романның Оспан Өмировтың өлими менен питиўи, баласының тойына асылып атырған астың Оспан Өмировтың өзиниң қарасына буйырыўы. Бул жерде усындай ўақыяның «Тәнҳа өзиме мәлим сыр» («Әмиўдәрья», 1978, №10) повестинде де сүўретленип өткенин атап кетиў орынлы болады. Биз буның менен авторға өзин-өзи тәкирарлады, деп гүна тақпақшы емеспиз. Оспан Өмировтың өмир ўақыяларының раўажланыўы логикасының өзи ақыр-аяғында оны усы ҳәдийсеге алып келетуғынлығы романда автор тәрепинен исенимли сүўретленген.

Т.Қайыпбергеновтың 80-жылларда «Көздиң қарашығы» романы менен заманагөй темаларды да шебер сүўретлеўши жазыўшы сыпатында көзге тасланады.

Романда турмыстың тазалығы ушын гүрес идеясы бас қаҳарман Жақсылық Дәўлетов образында шеберлиқ пенен ашып берилген.

Дурыс, турмыстың тазалығы ушын гүрес 80-жыллардағы ҒМДА халықлары прозасының бас мақсети болды. Прогрессив бағыттағы жазыўшылар бизиң елимиздиң турмысында соңғы ўақытлары айырым унамсыз қубылыслар хәўиж алған пайытта да «турмыстың тазалығы ушын гүрес» талабына садық қатнас жасады. Бурынғы аўқам көлеминде массалық түрде болмаса да, негатив қубылысларға қарсы гүреске шақыратуғын Шыңғыс Айтматовтың «Бир күним бир әсирдей», Нодар Думбадзениң «Мәңгилик заңы», Юрий Бондаревтың «Ойын» романлары руўхында бир неше онлаған эпикалық полотнодағы, идеялық-көркемлик жақтан жетилискен, қунлы шығармалар пайда болды. Егер, бул мағлыўматларды қарақалпақ әдебиятының мысаллары менен толықтыратуғын болсақ, қарақалпақ жазыўшыларының да өз турмысымызда жүз берген унамсыз тенденцияларға қарсы гүресте қуры қол қалмағанлығын көремиз. Бул тараўда әсиресе, Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» (1986) романы қарақалпақ әдебиятындағы дәслепки дәстиярлы шығармалардан болды, десек қәтелеспеген болар едик. Жазыўшы бул шығармасында халықлық көз-қарасқа сүйене отырып, республикамыз турмысында бираз ўақытлардан бери орын алып киятырған, сол тоталитар дәўирде кең көлемде ен жайған халық мүлклерин талан-тараж қылыў, бюрократизм, парахорлық, ағайинпазлық, жырып жеўшилик, көз бояўшылық усаған иллетлерди аяўсыз әшкара етеди. Автор соның менен бирге, романда бүгинги күнниң ең актуаль машқалалары болған жер, суў, тәбият мәселелерин де батыл түрде ортаға таслады.

Әлбетте, хәр қандай шығарма тек ортаға қойған машқаласы менен баҳаланып қоймастан, сол мәселелерди автордың қалайынша көркем ой жәрдеминде шешип бергенлиги менен де баҳаланады. Бул ушын, биринши гезекте, автордың өмир қубылысларына реалистлик көз-қарастан баҳа бериўи көркем

шығарма ушын ҳаўа менен суўдай зәрүр. «Көздиң қарашығы» романының табысы да автордың, мине, усы өмир шынлығын боямастан тәбийий ҳалатында сыншыллық пенен сүўретлеў шеберлигинен келип шыққан. Себеби, жазыўшы шығармада унамсыз ҳәдийселерди өткир сынға алыў менен бир қатарда, сол ҳәдийселерге қарсы гүресиўши, аз болса да саз, тетик ядро-прогрессив күшлерге үлкен поэтикалық мәни жүклеген. Бул болса шығармада оптимистлик руўхтың күшли хүким сүриўине алып келген. Мине, бүгинги күнде бул оптимистлик руўх пенен ортаға қойылған машқалалар өзиниң жақсы тәрепине қарай шешилиўин таўып отыр. Дурыс, бул роман дәслепки жәрияланған ўақтына қарай 80-жыллардың екинши ярымында дөретилген романлар дизимине киргизилмесе де болады. Деген менен, роман бүгинги күнниң көз-қарасы тийкарында түпкиликли қайта исленип шыққан, көп орынларға бир қатар өзгерислер енгизилген. Мысалы, гидролог қыз Шәрийпа менен Дәўлетовтың арасындағы болған муҳаббат сезимлери, дүкан баслығының, Парийданың Светланаға пара апарып беретуғын эпизодлары 80-жыллардың басындағы журнал вариантына қарағанда әдеўир исенимли берилген. Усындай пикирлерди Дәўлетовтың Светланаға жазған хатлары менен Арал ҳаққында илимий пикирлерин сүўретлейтуғын сөйлесиклердеги өзгерислер ҳаққында да айтыўға болады.

Улыўма, роман бурынғы журнал вариантына қарағанда, көркемлик жақтан әдеўир жетилискен. Автор романда әсиресе, контрастлық сүўретлеўге үлкен әҳмийет береди. Бул сүўретлеў шығармада бир жағынан автордың өзине тән қол таңбасын аңлатып турса, екинши тәрептен қаҳарманлар характериндеги психологизмди әдеўир тереңлестириўге жәрдем берип турады. Бунық айқын мысалы сыпатында «Жаңалық» совхозының бурынғы директоры Ержан Сержанов пенен жанадан келген директор Жақсылық Дәўлетовтың арасындағы психологиялық соқлығысыўларды келтирип кетиў мүмкин.

Романдағы бул еки типик қаҳарман арасындағы болған конфликт санадағы ески менен жаңаның гүреси дәрежесине дейин көтериле алған. Мысал ушын совхоздың жаңа директоры таярланар алдындағы жыйналыс пайытындағы адамлардың психологиясына нәзер аўдарайық.

«Бурынғы директор»... Бул түсиник ҳәммени және де толқынландырды. Расында да, Сержановты «бурынғы директоры» деп атаўға ҳеш кимниң тили айланбайтуғын секилли, өйткени, жигирма бес жылдан бери ҳәмме оны «директор, директор аға!» деп, егер өз-ара сөйлессе, «Директорымыз Сержанов олай деди, былай деди» деп те үйренген. Оның үстине, Сержанов олар ушын мәңгилик басшы сыяқлы болып қалған еди. Әўелги колхоз совхозға өзгертилгеннен баслап Сержанов бар еди, соннан совхозлар ириленип, еки-үшеўи бирикти. Сонда да усы Сержанов директор болып қалған еди. Енди Сержанов қайда кетеди? Бул сораўларға жуўап таппай ҳәмме ҳайран («Көздиң қарашығы», 5-б.).

Лекин, Сержановтың басшы ўақтындағы қәте-кемшиликлерден айырым адамлардың хабары да бар. Олар буны батынып айта алмады, екинши жағынан «жақсы» директорды қаралайтуғын қолға услап, көзге көрсетерлик дәлил жоқ. Бирақ, усы жыйналыста Худайберген ғарры хәм бригадир Аралбаевлар Сержановқа деген өзлериниң гүманлы ойларын сездиреди. Деген менен, Сержанов жүдә сумлықлы, адамлардың минезлерине қанық, әззи тәреплерин билип, өзине аўдырып алыўға шебер адам. Ол ретли жеринде оғада «қайырқом», ретли жеринде қатал да. Ол буйрығының тәрк етилиўин, бетине бир адамның келиўин қәлемейди, айтқаны нызам болып орынланыўы тийис. Ол, соның менен бирге, Дәўлетов совхозға басшылық еткен дәуирде өзиниң хожалықтың ыдырап кетиўине ҳәрекет еткен нийетин шеберлик пенен бүркей де биледи. Ол өзиниң директордың орынбасары ҳамалынан пайдаланып, адамларды өз тәрепине аўдырыўға тырысады. Оларға меҳрибан әке болып көрингиси келеди. Оның Дәўлетов жоқ ўақытлары арза менен келген адамларды қабыллаўын алып қарайық. Адамлардың мүтәжин тез питкерип жибереди. Совхозға көшип келмекши болған жас балықшыларды «қолынан ис келмейди» деген бәне мене көшип келиў нийетинен қайтарады. Ол бул жерде «ел үстине ел келсе, бул да ердиң дәўлети» деген даналықты биле турып, совхозға жаңа адамлардың көшип келиўине қарсы шығады. Соның менен бирге, бул жерде оның Жақсылық Дәўлетовтың абройының өсип кетиўин қәлемегени анық көринип тур.

Бизиң пикиримизше, бул еки образ 80-жыллардағы қарақалпақ прозасының образлар системасына енгизилген үлкен жаңалық болып табылады. Автор бул жаңа образлар арқалы бурын бизиң әдебиятымызда түпкиликли сөз болмаған қосып жазыў, көз бояўшылық, парахорлық, хожалықты басқарыўда бир тәреплемелик, демократиялық бағыттан шетлеў усаған иллетлерди көркем сүўретлеп бере алған.

Романда автордын айтажақ болған нийети айқын. Буны биз шығармадағы мына қатарлар арқалы-ақ толық түсиниўимизге болады.

«Пәк ҳүждан-әлемниң көз қарашығы, әлемниң көз қарашығын қорғаў ҳәр бир инсанның парызы ҳәм қарызы» («Көздиң қарашығы», 303-б.).

Роман өзиниң усы идеялық бағдары бойынша ҒМД аўқамындағы Н.Думбадзениң «Мәңгилик заңы», Ю.Бондаревтың «Ойын» шығармалары менен бир сабақлас болып жатады, шығарманың орыс, өзбек тиллерине тез аўдарылып басылып шығыўының себеби де, мине, усында болса керек.

Т.Қайыпбергенов 90-жылларда да «Кеўлимниң қамусы» (1995), «О дүньядағы атама хатлар» (1992), «Бердақ» («Сахра бүлбили») (1997), «Айдос баба» («Мың тиллаға тигилген геле») (2001), «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» (2003), «Кеўлимниң қамусы» (2008) сыяқлы бир қатар повесть, роман, драмалар жазып, ғәрезсизлик дәўири әдебиятында әдебияттың кәрўан басыларының бири сыпатында нық қәдем менен көш тартып келди.

# ДҮНЬЯ ӘДЕБИЯТЫ ДӘСТҮРИ ҲӘМ ЖАЗЫЎШЫ ПРОЗАСЫ. Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИНДЕГИ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ

Т.Қайыпбергенов өз дөретиўшилигинде турақлы тема болып қәлиплескен экология темасына 90-жыллардың басында жаңа дәўир-ғәрезсизлик дәўири көз-қарасынан баҳа бере баслады. Усы көз-қарастан «О дүньядағы атама хатлар» (1992) повестин дөретти. Жазыўшы бул повестьте о дүньядағы атасына хат арқалы мүрәжат етиў формасынан пухта пайдаланып, ХХ әсирдиң ең баслы экологиялық апатшылығы болған Арал дағдарысларын, оның келип шығыў себеплерин, турғынлық дәўириндеги басшылықтың надурыс сиясатын, қарақалпақ халқының бүгинги менен ертеңин исенимли, тәсиршең турмыслық ўақыялар арқалы оғада көркем етип сүўретлеп береди.

Бул дөретпе өзиниң «О дүньядағы атама хатлар» деген атамасына қарағанда, виденье (кәрамат) жанрының талапларына сай о дүньялық өмирди сүўретлеп, автор қудайдың қүдирети менен о дүньядағы кәраматлы көринислерди тап өз көзи менен көргендей етип сәўлелендирип бериўи керек еди.

Биз билемиз, XIII әсирдиң ақыры XIV әсирде Италияда Антик дәўир әдебиятына, яғный бул әдебияттың мифлик формасына, қудайлар, пайғамбарлар, иләҳий күшлер, тәбият тилсимлери ҳаққындағы мазмунына қызығыўшылық әдеўир өсти. Сол ушын, Италияда бул дәўир әдебиятын «Ояныў дәўири» деп атайды. Данте Альегери антик-грек әдебиятындағы усы форманы Ояныў дәўириндеги дүнья әдебиятына биринши болып алып кирип, «Иләҳий комедия» шығармасы менен дүнья әдебияты тарийхында мәңгилик болып қалды.

Дантениң антик дәўир әдебиятының бул кәрамат формасы менен мазмунына дыққат аўдарыўы, бириншиден, шайыр сыпатында усы дәўирдеги Рим империясының атақлы шайыры Вергилийдиң дөретиўшилигин сүйип оқығанлығы

болса, екиншиден, Д.Альегери жасап турған дәўирдеги Италияда жүз берген жәмийетлик-сиясий жағдайлар келтирип шығарған әдебий-эстетикалық зәрүрликлерден болды. Бул дәўирде Италия жәмийетшилигинде кескин қарама-қарсылықлар жүз берип, социаллық өмирде әдалатсызлықлар, зорлық-зомбылықлар, зулымлықлар күшли ҳүким сүрип атыр еди. Сиясий өмирде болса Ақлар ҳәм Қаралар партиясы пайда болып, Ақлар партиясы халық тәрепинде турса, Қаралар партиясы диний-реакцион партияға айланды, монархиянын, басшылықтың мәпин жақлады. Усылар себепли жәмийетте демократия шекленди, жәмийеттиң бул икир-шикир кемшиликлерин еркин сынап-минеў мүмкиншиликлери де, минбери де болмады.

Д.Альегеридиң өзи жасап турған жәмийетке, ондағы ҳүкимлик жүргизиўши басшы топарлардың сиясатына, улыўма жәмийетте орын алған әдалатсызлықларға наразылығы көп еди. Шайыр бул сезимлерин өз лирикасында ашықтан-ашық жеткере алмады. Сонлықтан да, ол антик әдебиятының формаларына жүгинип, өзинше виденье жанрын жаратты ҳәм барлық өмир тәжирийбелерин, бул дүньяның тәшўишлерин, онда орын алып атырған кемшиликлерди, жәмийетке болған көз-қарасларын, улыўма, өмир ҳаққындағы ой-толғанысларын о дүньялық өмир мысалында сүўретлеп, «Иләҳий комедия»ны дөретти.

Ҳақыйқатында да, бул комедия Дантенин пүткил өмир тәжирийбелериниң жуўмағы болды.

Т.Қайыпбергеновтың «О дүньядағы атама хатлар» дөретпесиниң жазылыў себеплери, ондағы ой жуўмақлары бул шығарманы Дантениң «Иләҳий комедия»сына типологиялық жақтан бираз жақынластырады. Жазыўшының дөретиўшилик лабораториясына сер салсақ, «Хатлар» 1992-жылы Ғәрезсизлик дәўиринде жарық көргени менен, онын жазылыў тарийхы, яғный, жазыўшының бул дөретпени жазыўға таярлығы 90-жылларға дейин-ақ басланғанын көриўге болады. Биз билемиз, жазыўшы шығармасына сүўретлеў объекти етип алған 70-80-жыллар тек Республикада емес, пүткил бурынғы аўқамда зорлық-бюрократлық басқарыў методынын күшли ҳүким

сүрип турған дәўири еди. Парахорлық, көз боямашылық, қосып жазыў, формализм, әдеп-икрам қағыйдасының бузылыўы, тәбият экологиясындағы апатшылықлар бул дәўирде өзиниң ең жоқары шегине жетти. Қарарлар, пәрманлар ҳеш орынланбастан, қағаз жүзинде қалып кетти. Ең жоқарғы минберлерден айтылған гәплер де самалға ушқандай гүўилдеп, тыңлайтуғын қулақ таппады. Жазыўшы жәмийетте орын алып атырған бул кемшиликлерди өз көзи менен көрди, оған қарсы ис пенен де, сөз бенен де гүрести. Мысалы, 80-жыллардың екинши ярымында жәмийетте орын алып атырған негатив ҳәдийселерге қарсы «Көздиң қарашығы» (1986) романын жазды, Аралдың қурып кетиўиниң алдын алыў ушын гүресип, Арал регионын экологиялық апатшылық зонасы, деп жәриялаўды талап етип, 1989-жылы 30-майда Москвадағы ең бийик минберде (СССР халық депутатларының I съездинде) турып, «Арал жасаўы тийис!» деп пүткил дүньяға жар салды. Бул драматик жағдайға ҳайран қалған академик А.Сахаров соң («Знамя» журналы, №10, 1991) бул ҳалатты былайынша тәрийиплейди:

«Қарақалпақстан АССРынан депутат Т.Қайыпбергенов Арал теңизиниң дәрти ҳаққында шығып сөйледи. Бул дәртли ҳалат өзиниң көлеми ҳәм узақ мүддетке созылыўы жағынан соңғы ўақытлардағы пүткил дүнья апатшылығының қатарына кирди. Бул айтылған сөзлер съездеги ең аўыр дәртлердиң бири еди».

Т.Қайыпбергенов қаншама күйип-жанып сөйлемесин, съездтен кейин де Арал апатшылығы сол бурынғы қәддинде қала берди. Мәмлекеттеги ең жоқарғы минберлерде турып, халқының дәртин айтып, айтқанларын орынлата алмағанлығына күйип-жанған, тыңлайтуғын қулақ таппаған жазыўшы, бул дәртти, ең қурғанында халқым түсинсин деп, ашшы ҳақыйқатлықты айтып, сырласыў формасындағы «хатлар» менен о дүньядағы атасына мүрәжәт етти. Бул Дантелик виденье дәстүриниң бир тәрепи ғана еди. Себеби, Т.Қайыпбергеновтың «О дүньядағы атама хатлар» дөретпесинде о дүньялық ўақыялар ҳаққында сөз бармайды, бирақ лиро-эпик қаҳарман жаратыў жағынан еки жазыўшы да авторлық «мен» формасынан пухта пайдаланады. Бул жағынан, Т.Қайыпбергеновтың «хатлары» Дантениң виденьеси дәстүрине және бир мәртебе жақынласқандай болып көринеди.

Бирақ, Т.Қайыпбергенов «Хатлары»ндағы сүўретлейтуғын ўақыялардың ишки мазмунында бул дәстүр басламасының басқа түс алып, кем-кем басқа формаға өсип-өзгерип баратырғанын көремиз. Пикиримизди дәлиллеў ушын Дантениң «Иләҳий комедия»сының ишки мазмунына және бир мәртебе дыққат аўдарып көрейик.

«Иләҳий комедия» қайғылы ўақыялардан трагик формада басланса да, автордың бул дүньяға қайтып келиўи усаған қуўанышлы ўақыялар менен жуўмақланады. Шығарманың ишки мазмунындағы комедиялық сыпат оны усылайынша атаўға мүмкиншилик берип тур. Мысалы, шығарманың биринши бөлиминдеги дозақтың кирер аўзындағы қыстырма тахтаға «Ҳәр бир кириўши буннан қорқыўы керек» деп жазылған жазыўлар менен усы бөлимдеги парахор папа Бонифацийдың бас бетиниң аяғының ушына шекем жердиң жарығына кирип кеткен, жердиң үстиндеги бетинде болса билинер-билинбес болып көринип турған табанын, өкшелерин барлық ўақытта дозақ отының жалыны жалап турғанын сүўретлейтуғын картиналар шығармаға комедиялық сыпат енгизиў ушын берилген. Папа Бонифацийдың дозақ бөлмелерин аралап жүрген Дантениң аяқ дыбысын еситип, өзи билмеген ҳалда бул дүньяда өзинен кейинги қалған Папа да парахор болып дозаққа киятырған шығар деп ойлап:

— Кимсең? Ким киятыр!? Хе, келдиң бе? — деп сораўлары күлки туўдыратуғын эпизодлар екенлиги аттай анық.

Комедияда дозақтың шаршар конус формасында болатуғынлығы тәрийпленип, оның 9 айланбадан туратуғынлығы, ҳәр бир айланбаның мәнис-мазмуны айқын ашып бериледи. Мысалы, 1-айланбада 3-4 айлығында Христиан динин алмай өлип кеткен жас нәрестелер ушын ата-енесиниң алатуғын жазасы, 2-айланбада ойнас тутып, зина қылғанлардың «муҳаббат дүбелейинде» айланып жүриўлери ҳаққында айтылса, айланбаның саны артқан сайын, жазаның да аўырласып бара беретуғынлығы исенимли өмир фактлери менен көрсетиледи. Шығарманың шыңыраў шыңы болған 9-айланбаның ўақыялары, бир жағынан, оғада қорқынышлы болса, екинши жағынан, оғада күлкили. Бул айланбада автор ең аўыр гүна

қылғанлардың жазаланыўын исенимли көрсетип береди. Автордың көрсетиўинше, адамзаттың ең аўыр гүнасы - Ўатанды, Қудайды, Патшаны сатыў. Сол ушын да, оларға ең аўыр жаза берилиўи керек. Данте дозақтың 9-айланбасы ўақыяларында, мине, усы пикирин исенимли эпизодларда бере алған. Бунда Люцифер атамасындағы қустың қанатларының қағылыўы менен кем-кем муз болып қатып қалып атырған Ўатанды, Христосты сатқан Иуда менен Юлий Цезарьды сатқан еки ўәзирдиң руўхларының жазаланыў ўақыясы сүўретленеди.

Комедияның басында Дантениң қалың тоғайлықта адасып жүриўи, усы жүргенинде алдынан үш жыртқыш ҳайўан — Арыслан, Барыс, Қасқырлардың шығыўының үлкен мәниси бар. Автор поэтикалық детальлар арқалы, Арыслан тымсалында үстемликти, ҳәкимшилик-бюрократлықты, Барыс тымсалында жаўызлық, жыртқышлықты, Қасқыр тымсалында ашкөзликти әжиўалайды. Автордың бул шығармадағы тийкарғы мақсети де усындай жәмийетлик иллетлерди өткир сынға алыў еди.

Комедияда және бир дыққат аўдаратуғын нәрсе - Дантени дозақтан қол узатып шығарып алатуғын оның сүйген қызы Беатричениң ўақыясы болып табылады. Автор бул деталь арқалы адамзатты ғәплеттен де, жаманлықтан да бир нәрсе-ҳақыйқый муҳаббат сақлап қала алады, деген идеяны алға сүреди.

Т.Қайыпбергеновтың «Атама хатлар» дөретпесинде о дүньядағы атасына мүрәжәт етилгени, оның жақсы пазыйлетлери еске түсирилгени, хат арқалы аталы-балалылардың сыр шертискени менен бул дүньялық ўақыялар Дантелик о дүньялық формада сүўретленбейди. Қаҳарман Дантедей болып о дүньяның дозақ, пәклениў, бейиш бөлимлерин де араламайды, атасын еслеп түс те көрмейди, тек хат арқалы бул дүньяның азап-ақыбетлерин, жәмийеттеги орын алып атырған ипласлықларды, парахорлықты, көзбоямашылықларды, хуждансызлықларды, хожасызлықты, соның салдарынан Аралдың да қурып баратырғанлығын айтып о дүньядағы атасы менен сырласады. Бул хат формасынан пайдаланыўы, бир жағынан, шығарманы хат жанрына жақынлатқандай да болып көринеди. Бирақ, шығарма тутас хатлардан да турмайды. Хатлар арасында

автордың жеке ой толғанныслары, жәмийетлик ўақыяларға болған көз-қараслары, хәр қыйлы сәўбетлер, илимий фактлер, аңызлар, әпсаналар да берилип барады.

Қулласы, шығарма көбирек Дантелик виденье, Стефан Цвейглик хат жанрының айырым элементлерин өз бойына сиңирген синтезлик қурылысқа ийе болса да, форма менен мазмун бирлиги бойынша көбирек эссе жанрына жақын келеди.

Себеби, онда эссе жанрына тән заман, дәўир, жәмийет ҳаққындағы автордың жеке көз-қараслары жоқарыда айтқанымыздай хәр қыйлы формаларда синтезлестирип берилген. Онда беллетиристикалық сыпатлар да, публицистикаға тән белгилер де орын алған.

Қулласы, Т.Қайыпбергеновтың «Атама хатлар» дөретпесин бул жанрлық сыпатлары бойынша оны «повесть-эссе» деп атаўға толық болады.

Т.Қайыпбергеновтың 1994-95-жыллары жазылған «Қәлбимнин қамусы» шығармасы ғәрезсизлик руўхында халқымыздың өтмиши менен бүгини жаңаша пикирлейтуғын шығарма болып есапланады. Қамусий-энциклопедиялық шығармалар жазыў түркий халықлар әдебиятында XI әсирлерден берли өмир сүрип киятырған дәстүр еди. Мысалы, Кәй Кобустың «Қобуснама»сы, Юсуп Хас Ҳажибтиң «Қудатғу билик», Наўайының «Хамса» дәстаны, Бабурдың «Бабурнама»сы, мине, усындай сыпаттағы шығармалар болды. Т.Қайыпбергенов бул дәстүрди өзинше жаңартып, қарақалпақ прозасында биринширлерден болып реалистлик-дидактикалық, диний-философиялық элементлерге ийе қамуслық формадағы шығарма дөретти. Бул дөретпе 2008-жылы «Билим» баспасынан толықтырылған халда басылып шықты.

Т.Қайыпбергеновтың 2003-жылы «Билим» баспасынан басылып шыққан «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» роман-интервьюи де соңғы жыллар прозасындағы елеўли ўақыялардан болды. Дөретпениң тийкарғы идеясы, атамасынан көринип турғанындай, халқымыздың мәртлигин, ақыл-даналығын улығлаўдан ибарат. Автор шығармада бурынлы-соң әдебиятта онша ушыраса бермейтуғын өзинше жаңа сүўретлеў формасын шебер ислете билген. Мәселен, биринши бөлимде асығыс аўыз-

еки сораў – жуўаплар формасы ислетилсе, екинши бөлимде жазба интервью, жазыўшылық ой-пикирлер формасы шеберлик пенен қолланылады ҳәм усы форма арқалы жазыўшының жәҳән классиклери дәрежесине жеткен Л.Толстой, Ш.Айтматов, Бердақ сыяқлы көркем сөз шеберлери ҳаққында жеке пикирлери утымлы сәўлелениў табады. Автор шығарманың үшинши бөлиминде бурыннан Т.Қайыпбергенов стилине тән болған дидактикалық-философиялық пикирлеў формасын және де жетилистириўге ҳәрекет еткен. Ал, шығарманың төртинши бөлиминде болса автордың өзи ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында белгили көркем сөз шеберлериниң пикирлери берилген. Сырттан қарағанда, ҳәр бөлим өзинше дара-дара болып турғаны менен, бир-бири менен беккем логикалық көркем байланысқа түскен тутас бир сом денеше болып табылады.

Т.Қайыпбергенов ғәрезсизлик жылларында драматургия жанрында да табыслы қәлем тербетти. Оның «Айдос баба» драмасы 1998-жылы «Еркин Қарақалпақстан» газетасы бетлеринде жарық көре баслады. Драмада сүўретленген айырым ўақыялық эпизодлар жазыўшының «Бахытсызлар» романына тийкар етип алынған ўақыялар менен мәлим дәрежеде сәйкес келеди. Лекин, жазыўшы драмада Айдос баба образына драматург сыпатында прозасындағы Айдос бийге берилген баҳасына қарағанда басқаша көз-қараста болады. Айдос баба образына бүгинги миллий ғәрезсизлик дәўири көз-қарасларынан шыға отырып пикир жүритеди. Драмада сүўретленген ўақыялар Айдос өмириниң 1810-1827-жылларына туўра келетуғынын көрсетеди. Айдос бул дәўирде түркий халықлардың тарийхын, генеалогиялық шежиресин жақсы билетуғын адам сыпатында сәўлелениўин табады. Биз буны драмадағы Айдостың хан менен хан дәрежесинде саўатлы сөйлесекенлеринен анық байқаймыз. Айдостың хан менен болған бул сөйлесиклеринде қарақалпақ мәмлекетшилигин қайта дүзиўдеги Маман бийдиң умтылыслары, бирақ, бул умтылыслардың Россия патшашылығы тәрепинен ис жүзинде қоллап-қуўатланылмағанлығы, патшашылықтың еки жүзли сиясаты, сол ушын да Маман бийдиң қарақалпақларды ата-бабаларының бурынғы Ўатаны-Әмиў-

дәрьяның төменги қуярлықларына алып келгени ҳаққында пикир жүритиледи.

Драмада Айдос бабаның қарақалпақ мәмлекетшилигин дүзиў ҳаққындағы ойлары инилери Мыржық, Бегислердиң көз-қарасларына қарағанда, анағурлым кең ҳәм унамлы. Мыржық, Бегислер қарақалпақ мәмлекетшилигин дүзгенде, тек бир рүў-қоңырат рүўының ҳүкимдарлық етиўин әрман етеди. Айдос болса, руўлар арасындағы бул алаўызлықты сапластырып, барлық қарақалпақ руўларын бир аўқамға-қарақалпақ хан-лығына бириктириўди ойлайды. Ҳәтте, ҳәзир қудайтала Әмир Темурды жарық дүньяға қайтадан келтиргенде ме еди, мен қарақалпақ ханлығы ҳаққында ойламаған да болар едим, дегенге усаған қыялларға да барады. Оның ойынша, Әмир Темур барлық түркий халықларды бир мәмлекетшиликке бириктириў ушын гүресшең. Айдос та усы сиясатты қоллап-қуўатлайды.

Т.Қайыпбергенов «Сахра бүлбили» (1997) драмасында Бердақ образына да усындай миллий ғәрезлик идеологиясы көз-қарасынан баҳа береди. Бул драма Бердақ образын жаратқан басқа поэзиялық, прозалық шығармаларға қарағанда әдеўир исенимлилиги ҳәм көркемлик сыпатының күшлилиги менен көзге тасланады.

## М А З М У Н Ы

Кеӊ дүньяғa қушақ ашқан
жазыўшы (Кирис сөз орнына) ........................................ 3

**Биринши бап**
Т.Қайыпбергеновтыӊ ХХ әсирдиӊ
50-жыллардағы дөретиўшилиги ........................................ 7

**Екинши бап**
Т.Қайыпбергеновтыӊ 60-70-жыллардағы прозасы ............ 22

**Үшинши бап**
Т.Қайыпбергеновтыӊ 80-жыллардағы прозасы ................ 42

**Жуўмақ**
Дүнья әдебияты дәстүри ҳәм жазыўшы прозасы.
Т.Қайыпбергеновтыӊ ғәрезсизлик
дәўириндеги дөретиўшилиги ........................................ 55

**Кеңесбай АЛЛАМБЕРГЕНОВ**

# КЕҢ ДҮНЬЯҒА ҚУШАҚ АШҚАН ЖАЗЫЎШЫ

*(Т.Қайыпбергеновтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы)*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Qaraqalpaqstan» баспасы*
*Нөкис — 2019*

Редакторы *О. Кназбаев*
Операторы *А. Жаримбетов*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 29.04.2019.
Қағаз форматы 60x84 1/16. Офсет усылында басылды.
Гарнитурасы — «Times». Көлеми 4,0 б/т., 3,72 шәртли б/т.,
3,28 есап б/т. Жәми 300 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.
Буйыртпа №В-20.

**AI №114 лицензиясы.**

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

«FARMA PRINT NUKUS» ЖШЖ типографиясында басылды.
Нөкис қаласы, Т. Қайпбергенов көшеси, 54-жай.



***Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов Әжинияз атындағы НМПИда талаба жаслар менен ушырасыў пайытында (2004-жыл).***

4000 с.



Кеңесбай АЛЛАМБЕРГЕНОВ — филология илимлеринин докторы, профессор, Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.

1954-жылы Қараөзек районында туўылған.

1976—2012-жыллар аралығында «Жеткиншек» газетасында әдебий хызметкер, кәсип-өнер билим журтында қарақалпақ тили хәм әдебияты пәни муғаллими, «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде қарақалпақ әдебияты кафедрасы оқытыўшысы, оқыў ислери бойынша декан орынбасары, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында қарақалпақ әдебияты кафедрасының баслығы, факультет деканы, НМПИ ның оқыў ислери бойынша проректоры лаўазымларында ислеген. 2013-жылдан НМПИ қарақалпақ әдебияты кафедрасы баслығы.

К.Алламбергенов көркем әдебиятқа өткен әсирдиң 70-жылларының басында «Дәслепки бес» гүрриңи менен кирип келди.

Соннан берли «Қыйын өткел» (1983), «Қуслар қайтқан күн» (2018) повестьлер хәм гүррыңлер топламлары менен «Дәрбент» (1985), «Өмир мәўритлери» (1987), «Дәрья тартылған жыллар» (1992) романларын баспадан шығарды. Оның бир қатар повесть, гүрриңлери өзбек, қазақ, ноғай,рус тиллеринде жарық көрди. Ал,Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар болған «Дәрья тартылған жыллар» романы 2003-жылы «Қарақалпақ әдебияты» хрестоматиясына енгизилип, Анкарада түрк тилинде басылып шықты.

К.Алламбергенов «Қарақалпақ әдебиятында айтыс», Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге», «Миф, ертек тарийх хәм дәстан», «Ҳәзирги әдебий жөнелис», «Қарақалпақ әдебияты», «ХХ әсир қарақалпақ әдебияты», «Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты» усаған бир нешше монография, сабақлық, оқыў қолланбалары менен бир қатарда 100 ден аслам илимий мақалалардың авторы.

К.Алламбергенов соңғы жылларда поэзия хәм драматургия жанрында да табыслы қәлем тербетпекте. «Әмир Темир хәм Ер Едиге» (2017), «Қырық қыз» (2018) сыяқлы тарийхый музыкалы драмаларын баспадан шығарды.

ISBN 978-9943-5744-4-1

9 789943 574441

«QARAQALPAQSTAN»